Зи ныбжь хэкIуэтахэм хуащIэфым траухуат

2-нэ нап.

Псалъэ бутIыпщар шэ икIам хуэдэщ

2-нэ нап.



Напэм къыхъхъума цIыхугъэ

3-нэ нап.

ЦIыхугухэм гуапэу къина сурэтыщI

4-нэ нап.

ИнтернеткIэ ди газетым Iэ тевдзэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№151 (24.901) ● 2025 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъэгъазэм и 24-м эфир занщIэкIэ цIыхухэм епсэлъэнущ. Линэ занщIэм сыхьэт 12-м щIидзэнущ.

Ар къатынущ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ «ВКонтакте»-м щаIэ официальнэ аккаунтхэм, «Россия 24», «1КъБР» телеканалхэмрэ абыхэм я сайтхэм, апхуэдэуи Урысейм и радиом (101,8 FM), «Къэбэрдей-Балъкъэр» 99,5 FM радиом.

Республикэм и Iэтащхьэм зэрызыхуэвгъазэхэр е фи упщIэхэр евгъэхь хъунущ МАХ чат-ботымкIи.

Дыгъэгъазэм и 16-м къыщыщIэдзауэ «Эфир занщIэр» иухыхукIэ колл-центрыр лэжьэнущ.

Махуэ къэс сыхьэти 9-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 18 пщIондэ запыфщIэфынущ канал куэд зиIэ 8 (8662) 229300, +79287119400 телефонхэмкIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм Президентыр ди ехъулIэныгъэхэм, мурадыщIэхэм щегъэгъуазэ

Путин Владимир Кремлым лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIущIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIЫНАЛЪЭМ и Iэтащхьэм Президентыр щыгъуазэ ищIащ республикэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ и Iуэху зыIутым, узыншагъэр хъумэнымрэ демографиемрэ нэхъ зэпкърыхауэ къытеувыIэу.

Путин Владимир: Казбек Валерий и къуэ, сэ сыщыгъуазэщ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм пыщIа Iуэху щхьэхуэхэмкIэ ехъулIэныгъэхэр фызэриIэм. Нобэрей ди зэIущIэр абыкIэ къыщIэздзэну сыхуейт.

КIуэкIуэ Казбек: ЯпэщIыкIэ, Владимир Владимир и къуэ, фIыщIэ пхуэсщIыну сыхуейщ ди лэжьыгъэм сытепсэлъыхьыну Iэмал къызэрызэптам папщIэ.

Пэжщ, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм нобэ зэхъуэкIыныгъэфIхэр щыдиIэщ, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм япэщIыкIэ зызыхуагъэзэ IуэхущIапIэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ программэм щыубзыхуахэр зэфIэгъэкIын и лъэныкъуэкIэ. Мы зы илъэс къудейм къриубыдэу дэ амбулаторэ 8 духуащ, 10-р къызыхуэтыншэу зэдгъэпэщыжащ.

А проектхэр зэрыдгъэзэщIам дэ Iэмал къыдитащ ехъулIэныгъэ нэрылъагъухэр зыIэрыдгъэхьэну. Япэрауэ, ди цIыхухэм я бжыгъэм хохъуэ. Ди деж щытыкIэр щефIэкIуащ сабийуэ къыщалъхумкIэ. ЦIыху миным ятещIыхьауэ а бжыгъэр 11,2-рэ мэхъу. Иужьрей илъэситхум цIыху бжыгъэм къыхэхъуэурэ йокIуэкI. ГъащIэри нэхъ кIыхь мэхъу - 2024 гъэм дызыщыгъа илъэс 77,02-м нэсащ. Ар Урысей Федерацэм ику иту зэрыщыхъум нэхърэ нэхъыбэщ, 2030 гъэм ирихьэлIэу ди цIыхухэм ику иту илъэс 81,7-рэ къагъэщIэным дынэсыну ди мурадщ.

Щхьэхуэу и гугъу сщIыну сыхуейщ лъыш узым илIыкIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуами. Мыбдежми къыщыдэхъулIар мащIэкъым - 118,6-рэ. Ари Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэм щыщыIэхэм нэхърэ нэхъ мащIэщ. Урысей Федерацэм а бжыгъэр ику иту 287-рэ щохъу.

Лъым пыщIа, гу-лъынтхуэ узыфэхэр зыпкърытхэм технологие лъагэр зи лъабжьэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэу ягъуэтым и бжыгъэмкIи ехъулIэныгъэ хьарзынэхэр диIэщ. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэ 2024 гъэм зэттахэр 1935-рэ мэхъу.

Иужьрей илъэсищ-плIыр къатщтэмэ, абыхэм хуэдитIым нэблагъэкIэ хэхъуащ, 900-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Абыи Iэмал къыдитащ лъым пыщIа узыфэхэм илIыкIхэм я бжыгъэр дгъэмэщIэну. ЦIыху минищэм хуэзэу ар зэрыхъур 335-рэщ. Ари хэпщIыкIыу нэхъ мащIэщ къэралым зэрыщыхъум елъытауэ.

Мыбдежым къыщыхэзгъэщыну сыхуейт дэ ди гулъытэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар цIыхухэр узыфэхэм щыхъумэныр зэрыарар. Мы зэманым ирихьэлIэу диспансеризацэм, цIыхухэм я узыншагъэр къыщапщытэ кIэлъыплъыныгъэхэм къызэщIрагъэубыдащ ди деж щыпсэу балигъхэм ящыщу мин 340-рэ, ар процент 70-м нэблагъэ мэхъу. Медицинэ Iуэхутхьэбзэу хуащIэмкIэ арэзыщ ди цIыхухэм я процент 64,5-р.

Путин Владимир: Ар Iейкъым. ЖысIэнщи, зэрыщыту къапщтэмэ, ар ехъулIэныгъэфIщ.

АдэкIэ и гугъу тщIынщ социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкIэ фи Iуэху зыIутым.

КIуэкIуэ Казбек: Зэрыщыту къапщтэмэ, щIыналъэм къыщыщIагъэкI сом мелард 328-рэ и уасэ продукцэ, инвестицэу къыхалъхьащ сом мелард 79,3-рэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ хэхъуэр проценти 110-рэ мэхъу.

ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр мыбдежми щыдиIэщ. Илъэс кIуам и апхуэдэ пIалъэм едгъапщэмэ, мы гъэм и щIышылэ - шыщхьэуIу мазэхэм проценти 119-кIэ хуэкIуэу хэхъуащ. Абы и фIыгъэкIэ, промышленнэ индексри Iейкъым, 2024 гъэм дэ диIащ проценти 121-рэ, мы гъэми, тIэкIу нэхъ мащIэми, абы хэхъуащ - проценти 109-рэ хъуащ.

МэкъумэшI IэнатIэми проценти 106 - 109-м хуэкIуэу зеужь.

ПсэупIэу яухуэм и гугъу тщIымэ, илъэс кIуам метр зэбгъузэнатIэ мин 611-рэ ятащ, ар проценти 110-м нэблагъэ мэхъу. Мы гъэми абы къыхохъуэ, нобэм ирихьэлIэу щыIэ бжыгъэр тIэкIу нэхъ мащIэ хъуащ - метр зэбгъузэнатIэ мин 411-рэ, илъэс кIуам и иджы хуэдэ пIалъэм едгъапщэмэ, проценти 102,2-рэ мэхъу.

Республикэм мы зэманым лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI гъуэгухэр ухуэным теухуауэ. 2019 гъэм къыщыщIэдзауэ духуащ е зэдгъэпэщыжащ гъуэгуу километр 1180-рэ, 2025 гъэм и кIэм ныдогъэс автомобиль гъуэгу километри 100-м щедгъэкIуэкI лэжьыгъэхэр, лъэмыжрэ абы хуэдэ нэгъуэщI ухуэныгъэу 14 тыдолъхьэ, зыдогъэпэщыж.

Щхьэхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейт туризм IэнатIэми зэрызиужьыр. Илъэс кIуам турист мелуан 1,8-м ди деж зыщагъэпсэхуащ, ар ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэм проценти 116-кIэ хуокIуэ. Мы зэманми а IэнатIэр йофIакIуэ: мазибгъум къриубыдэу республикэм щыIащ турист мелуан 1,5-рэ. Ар процентитхукIэ нэхъыбэщ илъэс кIуам и апхуэдэ лъэхъэнэм ди хьэщIахэм нэхърэ.

Путин Владимир: ЩIымахуэм и чэзущ, лыжэкIэ къыщежэх зэманщ.

КIуэкIуэ Казбек: Дэ зэрыжытIэмкIэ, лъагапIэм и лъэхъэнэщ. Ди гугъэщ а пIалъэм къриубыдэу Iуащхьэмахуэ лъапэ и закъуэ цIыху мин 470-рэ щыхьэщIэну.

Иджыпсту, зэрыщыту къапщтэмэ, унэтIыныгъэ псомкIи зыужьыныгъэ диIэщ. Ауэ щхьэхуэу сыкъытеувыIэну сыхуейт ди цIыхухэм я хэхъуэр нэхъыбэ хъуным гулъытэшхуэ зэрыхуэтщIым. Нобэ, мазиблым ди цIыхухэм я улахуэр зыхуэдар ику иту къатщтэмэ, статистикэр къэзгъэсэбэпынщи, сом 51600-рэ мэхъу, абы къикIращи, проценти 113-кIэ нэхъыбэ хъуащ, цIыхухэм яIэрыхьэ лэжьапщIэр къатщтэмэ, абы проценти 103,5-кIэ хэхъуащ. ЖыпIэнурамэ, иужьрей илъэсхэм ди деж цIыхухэм я хэхъуэмкIэ, зэрыщыту къапщтэмэ, зэхъуэкIыныгъэфIхэр щыIэщ. 2024 гъэм и гугъу тщIымэ, зы цIыхум хуэзэу хэхъуэр сом 45443-рэ хъууэ илъэсыр иухауэ щытащ. КИФЩI-м а бжыгъэр сом 40600-рэ щыхъуу аращ. Аращи, дэ ехъулIэныгъэфIхэр диIэщ.

А псори дэ идопх лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным экономикэм зегъэужьынымкIэ IэмалыфIхэр къызэритам. Шэч хэмылъу, Владимир Владимир и къуэ, сабий зиIэ унагъуэхэм ягъуэт дэIэпыкъуныгъэ къызэрымыкIуэхэми къыдращIей цIыхухэм я хэхъуэхэр. Ар зи жэрдэму щытар Уэращ. Республикэм щыпсэухэм, псом хуэмыдэу сабий зиIэ унагъуэхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэшхуэ пхуэсщIыну сыхуейщ. Дэ а лэжьыгъэм адэкIи пытщэнущ.

Щхьэхуэу псалъэ зытIущкIэ сыкъытеувыIэну сыхуейт тхьэмыщкIагъэр зыхуэдизым теухуа Iуэхум. 2018 гъэм щегъэжьауэ дэ хуэдитIым щIигъукIэ нэхъ мащIэ тщIащ ар: процент 24,9-м къыщыщIэдзауэ процент 11,7-м нэсу едгъэхащ. Ди гугъэщ 2025 гъэм а бжыгъэр проценти 110-м тIэкIукIэ фIэкIа щIимыгъуну. ЛэжьапIэншэхэм я бжыгъэми кIэрыхуащ. Нобэ ди экономикэм щолажьэ цIыху мин 420-рэ хуэдиз. IэнатIэ зимыIэхэр илъэс кIуам лъандэрэ хуэдитIым нэблагъэкIэ нэхъ мащIэ хъуащ икIи нобэм ирихьэлIэу щыIэр цIыху минитIщ - ар республикэм лэжьакIуэу щыпсэум я процент ныкъуэ хъууэ аращ.

Путин Владимир: Лэжьэфыну исхэм.

КIуэкIуэ Казбек: Лэжьэфыну исхэм. Нобэ абыкIи ди Iуэхухэр Iейкъым.

Бюджетми щхьэхуэу сыкъытеувыIэну сыхуейт. 2024 гъэм ди бюджетым и хэхъуэр сом мелард 70,6-рэ хъуащ. мыбы нэхъыщхьэ дыдэу хэтлъагъуэрэщи, илъэс кIуам дэ езыхэм, ди щIыналъэ бюджетым и хэхъуэр, муниципалитетхэм ейр хэмыту, сом мелард 21,1-м нэсащ. Ар хэхъуэу проценти 118-рэ мэхъу.

ЖысIэну сыхуейщ мы гъэми апхуэдэ зыужьыныгъэ зэрыщыIэр. Дэ лейуэ сом мелардi 2,8-рэ хэхъуэу диIэщ, проценти 119-м нэсу къыщIигъуауэ. А псоми Iэмал къат щIыналъэ хабзэхэм къызэрагъэувым тету социальнэ къалэнхэр зэфIэдгъэкIыну.

Щхьэхуэу къыхэзгъэщынщи, къэрал щIыхуэу мы зэманым ттелъщ сом мелардi 6,5-рэ - дэ езым ди хэхъуэхэм я процент 27-рэ мэхъу ар. Абыхэм ящыщу сом мелардi 2,5-р инфраструктурэм папщIэ къэтщта щIыхуэщIэхэрщ. Нэгъуэщу жыпIэмэ, а ахъшэм псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм социальнэ Iуэхухэр щризэфIэдгъэкIыну аращ.

Мы илъэсым къриубыдэу, Уэ пщIа унафэм ипкъ иткIэ ттрагъэкIыжынущ а щIыхуэм щыщу дзэ Iуэху хэхам зэрызыщIэдгъэкъуа сом мелардитI. 2026 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу щIыхуэу ттелъыжынур сом мелардi 5,6-рэщ.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, илъэситху хъуауэ дэ коммерческэ щIыхуэу зы сом къэтщтакъым. Абыи Iэмал къыдет бюджет мылъкур зэдгъэзэхуэну. Мыбдежми щынэрылъагъущ дэ езым ди хэхъуэхэр нэхъыбэ зэрытхуэщIынур икIи абы дытолажьэ.

Путин Владимир: Хъарзынэщ. Казбек Валерий и къуэ, дауи, уиIэ хъунщ щхьэхуэу зи гугъу пщIыну узыхуей Iуэхури. СынодаIуэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

IуэхущIапIэщIэр къызэIуах

УФ-м и вице-премьер Голиковэ Татьянэрэ Урысейм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Мурашкэ Михаилрэ видеозэпыщIэныгъэкIэ щIыналъэхэм къыщызэIуахащ щIэуэ яухуа медицинэ IуэхущIапIэу 4.

АБЫХЭМ ящыщ зыщ Урысей Федерацэм и Правительствэмрэ Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ я щIэгъэкъуэну къызэрагъэпэща, Республикэ клиникэ сымаджэщым дохутырхэм я дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэр зрашэлIэну и къудамэщIэр.

«Къэралым и Президентым къыхилъхьа, «Жылагъуэр хъумэныр, узыншагъэр гъэбыдэныр, цIыхухэм я зэIузэпэщыгъэр егъэфIэкIуэныр, унагъуэр дэIыгъыныр» лъэпкъ жэрдэмыр гъэзэщIэным хуэунэтIа хэлъхьэныгъэхэм ящыщ зыщ мы Iуэхур», - къыхигъэщащ **Голиковэ Татьянэ**.

УФ-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Мурашкэ Михаил** жиIащ абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри къызэрымыкIуэ щытыкIэ ихуа цIыхум и гъащIэр къегъэлыным, узыншэу псэуным, апхуэдэуи цIыху мин бжыгъэхэр фIагъ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэмкIэ къызэгъэпэщыным телажьэ IэнатIэщIэу зэрыщытыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым псынщIэу икIи и чэзум щагъэзащIэ лъэпкъ проектым къахуигъэув псори. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ щIыналъэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и унафэщIым Iэзагъ къигъэлъагъуэу Iуэхум зэрыпэрытыр, къапщтэмэ, а IэнатIэм и лэжьакIуэ гупыр ехъулIэу я къалэным полъэщ, - жиIащ абы.

КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** УФ-м и Правительствэми Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэми фIыщIэ яхуищIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и медицинэ IэнатIэм зегъэужьынымкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэр сытым деж къызэрыдаIыгъым папщIэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр хэтщ лъэпкъ проекту 12-м, федеральнэ проекту 9-м. Иужьрей илъэситхум республикэм щаухуащ икIи къыщагъэщIэрэщIэжащ IуэхущIапIэ 19, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ IэнатIэу 31-рэ. Республикэ псор хэша хъуащ цIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ программэр гъэзэщIэным. Абы Iэмал къыдитащ узыфэхэр и чэзум къэхутэным гулъытэ нэхъыбэ хуэтщIыну. Иужьрей илъэсхэм лыш узыфэу къахутэм хуэдищкIэ хэхъуащ. Абыхэм я процент 70-р узыр хэмытIасэу къащIэф. Гулъынтхуэ узыфэхэр зиIэ сымаджэхэр нэхъ мащIэ щIыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр жыджэру идогъэкIуэкI, фIагъ зиIэ медицинэ технологиехэр къэдгъэсэбэпурэ тщIы операцэхэр нэхъыбэ хъуащ. А псоми Iэмал къыдат Урысей Федерацэм и Президентым игъэувa къалэнхэр зэдгъэхъулIэнымкIэ, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Тет Хьэсэнбий** тепсэлъыхьащ я IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам. Абы жиIащ я сымаджэщыр щIыналъэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм и IуэхущIапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр, республикэм щыпсэу балигъ псоми зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр узыфэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ зэрыщагъуэтыр.

Метр зэбгъузэнатIэу 1200-рэ зыубыд IуэхущIапIэр щаухуэм къагъэсэбэпащ щIыналъэ бюджетым къыхэкIа ахъши абы щымыщ мылъкуи. «ЦIыхухэм икIэщIыпIэкIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр зэрыратыр егъэфIэкIуэн» федеральнэ проектымкIэ IуэхущIапIэр къызэрагъэпэщащ иджырей медицинэ Iэмэпсымэу 143-кIэ. Щхьэ зытелъ икIи къагъэплъ зэпрыкIыпIэкIэ ар пагъэхьащ къатиблу зэтет хирургие къудамэмрэ Лъынтхуэ узыфэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ республикэ центрымрэ. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэм и фIыгъэкIэ а къудамищми махуэми жэщми цIыхухэр икIэщIыпIэкIэ зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат. Къудамэм иIэщ сымаджэм пкърыт узыфэр щызэхагъэкI пэшхэр: УЗИ, рентген, компьютер томографие, эндоскопие къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIхэр, гужьеигъуэм зэщIиIулIахэр а щытыкIэм къыщраш, реанимацэ пэшхэр. Къагъэсэбэпыр шэрхъ зыщIэт гъуэлъыпIэхэрaщи, сымаджэхэр здашэн хуейм псынщIэу нагъэс. КъищынэмыщIауэ, яIэщ ягъэIэпхъуэ диагностикэ Iэмэпсымэхэр. КъудамэщIэм зы жэщ-махуэм къриубыдэу сымаджи 100-м щIигъум зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэт.

Къалэн нэхъыщхьэхэм зэрехъулIэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа зэIущIэ зыубгъуам. Абы ар щытепсэлъыхьыжащ МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым:

- Главнокомандующэ Нэхъыщхьэ, Урысейм и Президент Путин Владимир Владимир и къуэм и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ 2025 гъэр дзэ Iуэху хэхам щызыхуагъэувыжа къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэу зэрыщытар икIи щхьэхуэу Iуэху зыбжанэм къытеувыIащ.

Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм жылэ 300-м щIигъу хуит къащIыжащ. Урысеидзэм быдэу иIыгъщ фронтым и кIыхьагъкIэ декIуэкI щIыпIэхэр икIи къанэ щымыIэу унэтIыныгъэ псомкIи щобгъэрыкIуэ.

Къэралым и УнафэщIым къыхигъэщхьэхукIащ урысеидзэм Iэщэ лIэужьыгъуэщIэхэр зэриIэр икIи IэкIуэлъакIуэу къызэрагъэсэбэпыр, ахэр нэхъри зэрырагъэфIакIуэр.

Урысейм и ядернэ къару нэхъыщхьэхэм бийр зэтраIыгъэ икIи дунейм зэпIэзэрытыгъэр къыщызэрагъэпэщ.

Путин Владимир пщэрылъ ящищIащ рототехникэхэмрэ къэухь IэрыщIымрэ я зэфIэкIхэр дзэхэм нэхъ нэсу къыщагъэсэбэпыныр зэтраухуэным епIэщIэкIыну.

Президентым Хэкур зыхъумэхэм, зауэм и гуащIапIэм хэт ди сэлэтхэм защIэзыгъакъуэ псоми фIыщIэ яхуищIащ.

Иух илъэсым къырикIуахэр зэпкърихыу къэпсэлъащ УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Белоусов Андрей. Абы жиIащ жьыхулъатэхэр зыубыдыф FPV Iэмэпсымэхэр я лъабжьэу ПВО-ми IэмалыщIэхэр зэрыхапщэр, УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэр технологиещIэхэмкIэ зэрагъэлъэщыр.

Къэралым и Iэтащхьэм гулъытэ хэха хуищIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыным нэхъри зегъэубгъун зэрыхуейм. Дзэм хэтхэр нэхъ зыхуэныкъуэ льготэхэм я процент 90-м нэсыр Госуслуги порталымрэ Iуэху куэд щызэфIагъэкI центрхэмрэ хуащIэу щытынущ дызыхуэкIуэ илъэсым къыщыщIэдзауэ. Къэралым зэрыщытуи, щIыналъэхэм я дежкIи къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къонэж дзэхэр зыхуейзыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыныр, дзэм хэтхэмрэ я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэныр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэр литературэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэр литературэмрэ гъуазджэмрэ я IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм етыным и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм деж щыIэ Советым хэтхэм къыхалъхьахэм сыхэплъауэ **унафэ сощI**:

Литературэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэр етын икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат цIэр яфIэщын:

Елькъан Маринэ Хьэмидбий и пхъум, Жабоевэ Iэсият Хьисэ и пхъум, Къэзанш Людмилэ Борис и пхъум, сценарийхэр зытхахэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу «ЛIэщIыгъуэм и цIыху цIэрыIуэу щэ» зыфIаща документальнэ фильмхэр зэрагъэхьэзырам папщIэ, Хьэмжу Ларисэ Анатолэ и пхъум, а фильмхэм я продюсерым;

Къуэныкъуей Мадинэ Билал и пхъум, Къаскъул Зитэ СултIан и пхъум, Тхьэгъэзит Юрэ Мухьэмэд и къуэм, литературэдэжхэм - «Къэбэрдей литературэм и классикэ тхакIэр зэрызэфIэувамрэ абы зэрызиужьамрэ. КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 110-рэ, Тхьэгъэзит Зубер къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу» тхылъыр къызэрыдагъэкIам папщIэ;

Кучуковэ Зухра Ахъмэт и пхъум, Тетуев Борис Инзрел и къуэм, филологхэм, Темукуев Борис Биязуркъай и къуэм, тхакIуэ-документалистым - Кулиев Къайсын Шувай и къуэм и IэдакъэщIэкI псори щызэхуэхьэсауэ том пщыкIуплI хъу, тхыгъэхэр урысыбзэкIи балъкъэрыбзэкIи зэрыт академическэ къыдэкIыгъуэр зэрагъэхьэзырам папщIэ;

МэшбащIэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм, усакIуэм, тхакIуэм - «Уи цIэм къыпкърыкI нэхугъэр», «Нэмэз щыгъэ», «Уафэнэ», «Лъагъуныгъэ IэфI-ткIыбжь» тхылъхэм папщIэ;

СэвкIуий Хьэмид Владимир и къуэм - сурэтыщIым, - «Хьэжы-Мурат», «Къэзакъхэр» повестхэм яхуищIа графикэ сурэтхэм папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2025 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м
№134-УГ

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым щIидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1130-рэ кIэпIейкIэ 82-рэ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 1032-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.

Ди индексыр П5894

Зи ныбжь хэкIуэтахэм хуащIэфым трауХуат

Мы махуэхэм Москва щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Хабзэубзыху советым и зэхуэс. Абы щыIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI, Урысей Федерацэм и Хабзэубзыху советым Социальнэ политикэмкIэ, Дунейпсо зэдэлэжьэныгъэм пыщIа Iуэхухэмкlэ и комиссэхэм хэт Егоровэ Татьянэ.

ФЕДЕРАЛЬНЭ Зэхуэсым и Хабзэубзыху советым и зэIущIэм хэтащ сенаторхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, Хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр.

ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Яцкин Андрейрэ Къэрал Думэм и УнафэщIым и къуэдзэ Яровая Иринэрэ я нэIэ щIэту екIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ УФ-м и хэгъэгущIэхэр къэралым хабзэ, псэукIэ, транспорт я лъэныкъуэкIэ щыщыIэ ухуэкIэм хэгъэхьэным, курыт еджапIэхэм щIэс ныбжьыщIэхэм я узыншагъэм кIэлъыплъыным теухуа упщIэхэри къыщаIэтащ. ЗэIущIэм хиубыдэу къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм щылажьэ Хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр зыхэта семинар. Абы щытепсэлъыхьащ тхыдэм и пэжыр хъума зэрыхъунум, къулыкъущIэхэр ирагъэплъащ «Без срока давности. Нюрнберг. 80 лет» гъэлъэгъуэныгъэм.

Социальнэ политикэмкIэ комиссэм хэтхэм я зэхуэсым щызэпкърахащ зи ныбжь хэкIуэтахэм якIэлъыплъыжыныммкIэ Iуэхутхьэбзэхэр къызэгъэпэща зэрыхъур, ахэр нэхъыфIу щызэтеубла хэгъэгухэм я лэжьэкIэр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ тепсэлъыхьащ а Iуэхур ди республикэм зэрыщызэфIахым, икIи къыхигъэщащ гъэ къэс зыкIэлъыплъыжын хуейхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъур.

КъулыкъущIэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкIэ, 2018 гъэ лъандэрэ а Iуэхур щIыналъэхэм щагъэзащIэ. 2023 гъэ лъандэрэ УФ-м и хэгъэгу псори абы хыхьащ.

- Зи ныбжь хэкIуэта цIыхур езыр зэса, и гур щыпсэху и унэм щIэсыжыну, и Iыхьлыхэм яхэсыжыну Iэмал егъуэт, абы зэрыдэIэпыкъуну, сымаджэщым къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр унэм пхъы зэрыхъум къыхэкIыу. Зи гугъу сщIы лэжьэкIэр сымаджэм кIэлъыплъ и Iыхьлыхэми я щIэгъэкъуэнышхуэщ, къэралыр сэбэп къазэрыхуэхъур зыхезыгъащIэ Iэмал хъарзынэщ. Лэжьыгъэр федеральнэ мылъкум къыхэкI ахъшэкIэ зэфIыдох, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къыхигъэбелджылыкIащ зи ныбжь хэкIуэтахэм кIыхьу якIэлъыплъыжыныр нэхъыфIу къызэгъэпэща хъуныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хабзэубзыху IэнатIэм и нэIэ зэрыщIэтыр, ар къызэрыхалъхьэрэ депутатхэр набдзэгубдзаплъэу абы иужь зэритыр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къыхигъэбелджылыкIащ зи ныбжь хэкIуэтахэм кIыхьу якIэлъыплъыжыныр нэхъыфIу къызэгъэпэща хъуныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хабзэубзыху IэнатIэм и нэIэ зэрыщIэтыр, ар къызэрыхалъхьэрэ депутатхэр набдзэгубдзаплъэу абы иужь зэритыр.

- Жьы хъуахэм якIэлъыплъыныр, къаруушэхэм ядэIэпыкъуныр жылагъуэ узыншэ зэрыубыдынымкIэ сэбэп зэрыхъур хьэкъщ. Ар пщIэ нэгъуэщIым хуэщIыным, цIыхугъэ пхэлъыным, гущIэгъу уиIэным я щапхъэщ, - къыхигъэщащ Егоровэм.

Ди республикэм мы Iуэхур 2023 гъэ лъандэрэ щагъэзащIэ. Абы а гъэм сом мелуан 28-рэ трагъэкIуэдамэ (зы процентыр республикэм и мылъкум щыщщ), мы гъэм сом мелуан 99,5-рэ хухихащ къэралым. Iуэхур щыдублэм лэжьыгъэм къызэщIиубыдар республикэм и районы 5-щ, 2025 гъэм ар 6-м нагъэсащ, 13-м щыщу.

2023 гъэм дэIэпыкъуащ цIыху 210-м, мы гъэм зи ныбжь хэкIуэта 228-м а Iуэхутхьэбзэр хуащIащ. Къапщтэмэ, зыкIэлъыплъыжын хуейуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исщ цIыху 7863-рэ. Абыхэм ящыщу 173-р ныкъуэдыкъуэщ, а бжыгъэм хэтщ дзэ Iуэху хэхам ныкъуэдыкъуэ щыхъуа щIалитIи. 2026 гъэм проектым иджыри райониплI къыхагъэхьэну я мурадщ. Абы ипкъ иткIэ, зыкIэлъыплъыхэм я бжыгъэр 274-рэ хъунущи, ар процент 20-м ноблагъэ. Зи гугъу тщIыхэм трагъэкIуэдэну федеральнэ бюджетым сом мелуани 129,7-рэ къыхэкIынущ, ар процент 31,5-кIэ нэхъыбэщ 2025 гъэм къаутIыпщам нэхърэ.

- Нэхъыжьхэм якIэлъыплъыжхэр программэ щхьэхуэкIэ ирагъаджэ. Ахэр щагъэхьэзыр «Призвание» медицинэ колледжым. 2025 гъэм цIыху 32-м зыхуагъэсащ Iуэхутхьэбзэ щIэным. Еджэн къызэрахуэу, абыхэм зэгуры Iуэныгъэ иращIылIэ илъэситI мынэхъ мащIэкIэ а Iуэхум ирилэжьэну.

НобэкIэ къапщтэмэ, цIыху 210-рэ ядоIэпыкъу нэхъыжьыфIхэм. Жьы хъуахэм псом нэхъыбэу якIэлъыплъыжыр я благъэхэращ (процент 70). Зи ныбжь хэкIуэтам кIэлъыплъыныр лэжьыгъэ IэнатIэм хуагъадэ - улахуэ къахь, налог ят, стаж яIэ мэхъу. Улахуэр зэлъытар щыпсэу щIыналъэмрэ цIыхум зэрыкIэлъыплъ сыхьэт бжыгъэмрэщ. Нэхъыбэм социальнэ лэжьакIуэм и улахуэм техуэу ягъэуву аращ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къапщтэмэ, зи ныбжь хэкIуэтам кIэлъыплъыжым къиих улахуэр ику иту сом мин 27-м щIегъу. Ар махуэм сыхьэтиплI лажьэм къехь. Мы Iуэхум упэрыту нэгъуэщI IэнатIи ущылажьэ хъунущ, программэм къигъэувхэр бгъэзащIэмэ. Апхуэдэуи цIыху зыбжанэм зэгъусэу уакIэлъыплъ хъунущ, яхуэпщIэнухэр зэманкIэ зэпэлъытауэ укъикIмэ. Жьы хъуахэм ядэIэпыкъухэм я лэжьыгъэр къапщытэ а Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэм, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

- Мы Iуэхур едгъэжьа нэужь гу лъыттащ, Жьы хъуахэр щапIыж IуэхущIапIэм щыIэ нэхъыжьхэр унагъуэхэм езышэлIэжи къазэрыхэкIым. Абы ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Дэ, кавказ хэгъэгухэм щыпсэухэм ди хабзэкъым апхуэдэ унэхэм нэхъыжь зыхузэфIэмыкI ягъакIуэу. Зэзэмызэххэщ апхуэдэ къыщыхъур. Адрей урысей хэгъэгухэм я Iуэхур зытетыр къэсщIэну сыхуейт. ДэIэпыкъуэгъухэр зэрыщыIэм къыхэкIыу, жьы хъуахэр щапIыж унэм къэрашыжу зи нэхъыжь зэзышэлIэжа щыIэрэщымыIэрэ, абы унагъуэм зэрыщыкIэлъыплъыр къапщытэрэ-къамыпщытэрэ сщIэну сфIэигъуэщ, - дищIигъуащ Егоровэм.

Парламентым и УнафэщIым игъэбелджылащ мы лэжьыгъэм фIы куэд къызэрыпэкIуэм къиищынэмыщIауэ, гугъуехь гуэрхэри зэрыхэлъыр. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэр нэхъыбэщ, а Iуэхутхьэбзэр зыхуащIэфхэм нэхърэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Iуэхутхьэбзэр цIыхухэм яхуэщIэныр хабзэ и лъэныкъуэкIэ щIэгъэбыдауэ щыткъым. Абы теухуауэ щыIэ зэIумыбзхэр зэпкърыхауэ къызэхуэсахэм я пащхьэ ирихьащ Егоровэ Татьянэ икIи комиссэм хэтхэм къыдащтащ.

ЗэIущIэм щызэпкърахащ амбулаторэхэм я лэжьэкIэр егъэфIэкIуэныр, Урысей Федерацэм и Хабзэубзыху советым Социальнэ политикэмкIэ и комиссэхэр 2026 гъэм зэлэжьыну Iуэхухэри ягъэбелджылащ.

Урысей Федерацэм и Хабзэубзыху советым Дунейпсо зэдэлэжьэныгъэм пыщIа IуэхухэмкIэ и комиссэм хэтхэр зытепсэлъыхьахэм ящыщщ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъахэгъухэм ядэIэпыкъуныр, хабзэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэныр. Абы теухуауэ иIэ еплъыкIэр къызэхуэсахэм я пащхьэ щыжиIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ.

Дунейпсо зэдэлэжьэныгъэм пыщIа IуэхухэмкIэ комиссэм хэтхэм я зэхуэсыр езыгъэкIуэкIар ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэрэ Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеславрэщ.

КъулыкъущIэхэр апхуэдэуи тепсэлъыхьащ цIыхухэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным, ухуэныгъэхэм зэрызаужьым, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Илъэс минхэм я кIыхьагъкIэ

1699 гъэм дыгъэгъазэм икIэхэм, Петр Езанэм и унафэкIэ, Урысейр Юлиан махуэгъэпсым хуэкIуащ. Сыт, атIэ, ар зищIысыр? А упщIэм жэуап еттын ипэ къихуэу, махуэгъэпсым и тхыдэм дриплъэнщ.

ИЛЪЭС минхэм я кIыхьагъкIэ цIыхухэм махуэгъэпс куэд къагупсысащ. Абыхэм я зэхэгъэувэкIэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, елъытат лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм яIа псэукIэмрэ ягъуэта зыужьыныгъэмрэ.

Пасэрей урымхэм я деж къыщекIуэкIащ щIыхуэр щатыжын хуей пIалъэр зратхэу щыта тхылъ щхьэхуэ. Абы щагъэбелджылат ар щызытрагъэкIыж мазэхэм я пэщIэдзэ махуэхэр - «календхэр». Мы псалъэмкIэ иужьым еджэ хъуащ пIалъэ зэхуэдэхэм тету вагъуэхэм зэрызагъазэм, Дыгъэмрэ Мазэмрэ я къыкъуэкIыгъуэ-къухьэжыгъуэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэу уахэми щIылъэми къыщекIуэкIхэм трагъэпсыхьа къебжэкIыкIэхэм.

Хьэршым къыщытезыгъэзэж Iуэхугъуэхэм е щIыуэпсым, мардэ гуэрым тету, пIалъэкIэрэ къыщыхъухэм: псалъэм папщIэ, жэщымрэ махуэмрэ я зэблэхъукIэм, мазэм и зыкъэгъэлъэгъуэкIэм, гъэмрэ щIымрэ я зэблэхъукIэм, нэгъуэщI абы хуэдэхэми хуагъэпса календархэр зэхалъхьащ «Тропик илъэс», «Синодик мазэ зэхуаку», «Дыгъэм и жэщ-махуэ лъэхъэнэ» зыфIаща пIалъэхэм тету.

Дызэрыщыгъуазэщи, дыгъэм пщэдджыжькIэрэ и къыкъуэкIыгъуитIым я зэхуакум, ику иту, дэлъыр сыхьэт 24-рэщ. Мыдрейуэ. ЩIэныгъэлIхэм къызэрабжамкIэ, мазэм и теплъэм къыщытригъэзэж и пIалъэр, «синодик мазэ зэхуакукIэ» зэджэр, зэрекIуэкIыр жэщ-махуэ 29-рэ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 44-рэ секунди 3-рэщ (къыхэдгъэщынщи, мыращ муслъымэн диным къигъэув пщалъэхэм тещIыхьа календарми и тегъэщIапIэр).

АдэкIэ деIэбэкIынщи, гъэрэ щIырэ щызэхэкI пIалъитIыр, «тропик илъэскIэ» зэджэр, зэрызэпэIэщIэр жэщ-махуэ 365-рэ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 48-рэ секунд 46-рэщ. Гу зылъытапхъэр аращи, япэхэм щыIа махуэгъэпс лIэужьыгъуэ куэдми хуэдэу, нобэрейхэми мыбдежым къыщедбжэкIа Iуэхугъуищыр я лъабжьэщ.

«Дыгъэ» махуэгъэпсыми тхыдэ

Мыр ди эрэм ипэкIэ 45 гъэм щIышылэм и 1-м пасэрей Урымым Цезарь Юлий щригъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм къарикIуащ. «Юлиан» календарым и илъэсыр жэщ-махуэ 365-рэ сыхьэти 6-рэ мэхъу. Ар къэзыщтахэр зэрызэгурыIуам тету, япэ илъэси 3-м и кIыхьагъыу ягъэувар махуэ 365-рэщ. Абыхэм къадэхуа сыхьэт бжыгъэхэр зэхалъхьэжри, зы махуэ псо нэблагъэ ирикъуати, ар еплIанэ илъэсым хагъэувэжащ.

А щIыкIэм тетущ «юлиан» махуэгъэпсымкIэ зи бжыгъэр 4-м хуэбгуэш хъу дэтхэнэ илъэсри «високоснэ» зэрыхъуар. А лъэхъэнэм мазэ 12-м я цIэхэр зэрыщытауэ къагъэнэжат. АрщхьэкIэ, ди эрэм ипэкIэ 44 гъэм, квинтилис (етхуанэ) мазэм зэреджэу щытар, Цезарь Юлий и цIэкIэ, иджырейм темыхуэми, «июль» жаIэу зэрахъуэкIащ. А жыпхъэм ирикIуащ император Август икIи, ди эрэр къэунэхуным илъэси 8 фIэкIа имыIэжу, мазаем аргуэру зы махуэ къыхихыжри, и цIэр зыфIищыжа секстилис мазэм хилъхьащ.

АрщхьэкIэ, а махуэгъэпсри къызыхуэтыншэтэкъым, къабж илъэсыр «тропическэм» нэхърэ дакъикъэ 11-рэ секунд 14-кIэ нэхъыбэти. Аращ къызыхэкIауэ къалъытэр илъэси 128-рэ къэс зы жэщ-махуэ псо къыдидзэныр. Ар ягъэзэкIуэжын папщIэ, урым папэ Григорий XIII и унафэкIэ, щIэныгъэлIхэр 1582 гъэм «юлиан» календарым аргуэру зэ хэлэжьыхьыжащ.

Абы щыгъуэ зэгурыIуат илъэс 400 къэс махуи 3 календарым къыхадзыну. ИкIи, а щIыкIэм тету «високоснэ» гъэхэм хагъэкIащ зи щэ бжыгъэхэр 4-м хуэбгуэш хъу, нолитIкIэ иух илъэсхэр. Псалъэм папщIэ, 1700, 1800, 1900 гъэхэр. Зэрагъэзэхуэжа махуэгъэпсым «стилыщIэм и календаркIэ» е «григорианкIэ» еджэ хъуащ.

АрщхьэкIэ, мыбыи щыщIагъэ зыбжанэ иIэщ: мазэхэм я махуэ бжыгъэхэмрэ тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэ махуэцIэхэмрэ я зэкIэлъыкIуэкIэр щызэтемыхуэр нэхъыбэщ. КъинэмыщIауэ, мазэхэм, мазищхэм, илъэс ныкъуэхэм я кIыхьагъри щызэхуэдэкъым. А щыщIагъэхэр гъэкIуэдыным хуэунэтIауэ еджагъэшхуэхэм пэхуэщIэ куэд къагупсысащ. АтIэми, а Iуэхум къэрал псори хуэхьэзыру зэрыщымытым къыхэкIыу, абыхэм мызэкIэ гъуэгу иратыркъым.

Мы зэманым къэдгъэсэбэп «григориан» илъэсыр «тропическэм» нэхърэ секунд 26-кIэ нэхъ кIыхь къудейщ. Пэжщ, ари щыуагъэщ, ауэ абы зы жэщ-махуэ псо «щызэхуихьэсыфынур» илъэс 3280-м и кIыхьагъкIэщ.

1918 гъэм щIышылэм и 24-м, Октябрь революцэ иным иужькIэ, РСФСР-м и ЦIыхубэ Комиссариатым къыдигъэкIа унафэм ипкъ иту, ди къэралым «григориан» махуэгъэпсыр къыщащтащ икIи бжыгъэр жэщ-махуэ 13-кIэ ягъэIэпхъуащ. А гъэ дыдэм щIышылэм и 31-м къыкIэлъыкIуа мазаем и 1-р и 14-нэу ягъэуvауэ щытами, тхьэмахуэ зэхуакум хыхьэ махуэхэр зэрызэкIэлъыкIуэу къагъэнэжащ.

Дыгъэм и къекIуэкIыкIэм тещIыхьа махуэгъэпсыр егъэфIэкIуэным, щIэныгъэлIхэм я мызакъуэу, ООН-м ЭкономикэмрэсоциальнэIуэхугъуэхэмкIэ и Советри мы зэманми йолэжь.

«Мазэ» махуэгъэпс

Муслъымэн диным къигъэув пщалъэхэр зи тегъэщIапIэу Азием, Африкэм щыIэ къэралхэм Мазэм и «зыхъуэжыкIэм» тегъэпсыхьа махуэгъэпсщ щызекIуэр. АрщхьэкIэ, къызэрыхэдгъэщынщи, ЩIы Хъурейм нэхъ къыщагъэсэбэпри нэхъ яфIэтыншри Дыгъэм и къекIуэкIыкIэм тещIыхьарщ. КъуэкIыпIэ Жыжьэм щыIэ къэралхэми аращ щызекIуэр.

«Мазэ махуэгъэпсыр» Iыхьэ пщыкIутIу, жэщ-махуэ 29-рэ, 31-рэ хъу мазэхэр щызэкIэлъыкIуэу зэхэтщ. «Мазэ» илъэсыр жэщ-махуэ 354-рэщ зэрыхъур, ауэ абыи къыщалъытэ и закъуэу къыхагъэщхьэхукIа, жэщ-махуэ 355-рэ хъу «високоснэр». «Мазэ» илъэсыр «дыгъэ» илъэсым нэхърэ жэщ-махуэ 11-кIэ зэрынэхъ кIэщIым къыхэкIыу, абы и пэщIэдзэр гъэ къэс мэIэпхъуэ икIи «дыгъэ» илъэсым и дэтхэнэ мазэми хуэзэнкIэ хъунущ. Тхыдэм тетщIыхьмэ, «мазэ» махуэгъэпсым муслъымэнхэм къыдэбжэн щыщIадзар 622 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-рщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

дыщэкI Артур:

Псалъэ бутIыпщар шэ икIам хуэдэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ щIыхь зиIэ я артист ДыщэкI Артур адыгэхэр зэрыс хэгъэгухэм къыщызымыцIыху щыIэжкъым, щIалэр утыку япэу къызэрихьэрэ цIыхубэм я гум дыхьауэ жыпIэ хъунущ. Зи уэрэд жыIэкIэмрэ макъымрэ зыми хымыгъэгъуэщэну ДыщэкIыр ящыщщ мы илъэсыр зыхуэфIахэм, ехъулIэныгъэ зиIэхэм. Ахэр къызэщIэткъуэжыну артистыр ди хьэщIэщым къедгъэблэгъащ.

Псом япэу къыхэдгъэщыну дыхуейт иджыблагъэ Налшык щагъэлъэгъуа зы лэжьыгъэ гуапэ. Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ Кавказ Ищхъэрэм иджы япэу щытраха макъамэ клипырщ зи гугъу тщIыр - «Борись» хэкупсэ уэрэдыр и лъабжьэу. Измайловэ Венерэ и псалъэрэ Карамышев Вильдан и музыкэрэ зыщIэлъ уэрэдыр зыгъэзащIэр ДыщэкI Артурщ. Дакъикъищым къызэщIрагъэубыдащ ди хэкум и хъумакIуэхэм я гугъуехьи, гугъи, лIыгъи. Абы зэрелэжьам дыщегъэгъуазэ Артур:

- Ар клип къудейуэ схужыIэнукъым, гупсысэшхуэ зыхэлъщ - ди пэжагъымрэ пщIэмрэ хъумэным, ди щIэблэм и къэкIуэнымрэ Хэкум и щхьэхуитыныгъэмрэ дыщIэбэныным дыкъыхуезыджэщ. Нобэ, зэи хуэмыдэжу, къаруу фIэу, хэкупсэу, пэжу дунейм дытетын зэрыхуейм и мыхьэнэр нэрылъагъу хъуащ. Абы и IуэхукIэ къэралым иджыпсту щекIуэкI лэжьыгъэшхуэм и зы Iыхьэу къэплъытэ хъунущ мы уэрэдыр. Ар «Звук-М»-м и гъусэу нэгъабэ къыдэзгъэкIащ. ЗэрыжысIауэ, зытеухуар иджыпсту къекIуэкI Iуэхугъуэми хуэпхь хъунут, къищынэмыщIауэ, зигу хэщIа, гунэдж къримыту зы гузэвэгъуэ гуэрым хигъаплъэ дэтхэнэ цIыхуми гугъэ ирегъэщIыжу апхуэдэти, си гум къыдихьэрт. Уэрэдыр згъэзащIэу зэхихри, дзэ Iуэху хэхам и ветеран, гугъуехьыр зищIысыр зи нэгу щIэкIа Шевчук Герман (мы зэманым КъБР-м и Парламентым и депутатщ) зыкъысхуигъэзащ, уэрэдыр СВО-м теухуауэ зэрилъагъур, ар клип тщIыныр зэригуапэр къыхигъэщу. Абдежщ сыщегупсысар ар зауэлIхэм зэрахуэгъэзам, арати, си гуапэу арэзы сыхъуащ. Лэжьыгъэр япэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым утыку къыщитхьащ, щIыналъэ депутатхэр, республикэм и Жылагъуэ палатэм и лIыкIуэхэр, творческэ лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэр къекIуэлIауэ. Дызэрыгушхуэнщи, ар къыддаIыгъащ, я гум нэсауэ къысщыхъуащ.

Дунейм утетыху зыгуэрым ухущIокъу, гъуэгуанэ гуэр къыбокIу: лъагапIэ гуэр унэса иужькIэ, аргуэру лъагъуэщIэ утеувэжу. ЖысIэнуращи, сыт щыгъуи улъэпIэстхъэн хуейщ, гъащIэм сыт хуэдэ лъэпощхьэпо ухуимышами. «Борись за жизнь» - уэрэдым и фIэщыгъэми къыбжеIэ ар. ЦIыхум и гъащIэм и нэгу щыщIэкIым кърымыгъэкIуэту, и гурылъхэм зэрыхущIэкъуныр, и лъэр щIимыгъэхуныр, зыри и фIэщ щымыхъужми, уафэгумкIэ плъэуэ Алыхьыр къызэрыдэIэпыкъуфынур зыщимыгъэгъупщэныр - ахэр псори къыхощ мы зы лэжьыгъэм.

- Артур, мы илъэсым уиIа ехъулIэныгъэхэм ящыщщ «КъБР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр къызэрыпхуагъэфэщар. Уи щIыналъэм ущигъэлъэпIа махуэм, дакъикъэм сыт хуэдэ гурыщIэхэр зыхэпщIа?

- Сыт хуэдэ IэщIагъэ уиIэми, укъызыхэкIа лъэпкъым укъыщилъытэжым, гулъытэ къыщыпхуищIым деж, шэч хэмылъу, уи щхьэр лъагэу уегъэлъагъуж. Уи лэжьыгъэмрэ гуащIэмрэ зэрымыпщIэншэр абдеж нэхъ зыхэпщIэ мэхъу. Сэри аращ - си гур нэхъ хэхъуауэ, нэхъыбэжым сытегушхуауэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм иджы зэрызеспщытыным сыхущIокъу. Уи жылэжь лIыхъужь ущымыхъуу, дуней псом лIыхъужь ущыхъунукъым жыхуаIэращи, мы гъэм си щхьэр сагъэIэтащ, сропагэ, срогушхуэ.

- Дыгъэгъазэм и 9-м уи пшыхь екIуэкIащ. Абы утезгъэпсэлъыхьыжынут. Арэзы укъищIа?

- Узыщытхъужыныр фIыкъым, ауэ и къызэгъэпэщыкIэм теухуауэ сызэригугъам нэхърэ нэхъыфI хъуауэ къысщохъу. Къапщтэмэ, абы 2025 гъэм и закъуэкъым кърызыщIэскъуэжар. Иужьрей илъэс зытхухым щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ сэ пшыхь къызэзгъэпэщатэкъым. Абы къыхэкIыу си уэрэдхэм едэIуэну зыфIэфIхэм я пащхьэ ислъхьэну, яжесIэну сызыхуейр гъэм и кIэм къызэхъулIауэ къысщохъу. «Кабардинка» гуп цIэрыIуэм, «Шагъдий» сабий ансамблым си пшыхьыр къыздаIыгъащ. Апхуэдэуи сыт щыгъуи си чэнджэщэгъуу къызбгъурытащ КъБР-м и цIыхубэ артист Лосэн Тимур. Сыт хуэдэ IуэхукIэ си щхьэр езмыхьэлIэми, абы зэи сыкъигъэщIэхъуркъым. КъищынэмыщIауэ, адыгэ уэрэдыжь зыбжанэм пшынэ, гитарэ, нэгъуэщI Iэмэпсымэхэм я макъамэ щIэту къызэгъэпэщыныр схуэзэзыгъэуIуар Чылар Нэсрэнщ. ИкъукIэ фIыщIэ яхузощI къыздэIэпыкъуахэм, пшыхьыр схуэзыгъэдахахэм.

- Утыку къипхьа лэжьыгъэщIэхэм ящыщщ псалъэри макъамэри Лосэн Тимур итхауэ «Песнь адыга» зи фIэщыгъэ уэрэдыр. Ар, зэрысщIэмкIэ, Адыгэ Республикэм и махуэшхуэм щыбгъэзэщIащ. Лосэным зэритхымкIэ, абы арэзы техъуат МэшбащIэ Исхьэкъ. Сыт и хъыбар мы уэрэдым?

- Лъэпкъыр дикъызыхэкIамрэ дызищIысымрэ къызэщIэзыубыдэ зы уэрэд, ар нэгъуэщIхэми къагурыIуэн хуэдэу, сыщIэхъуэпст згъэзэщIэну. Тимур апхуэдэ зы усэ урысыбзэкIэ итхауэ зэриIэр сщIэрт. Ар сигу дыхьат занщIэу. Ауэ езмыуэкIыурэ декIуэкIащ зы зэман. Адыгэ Республикэм мы гъэм кхъуейм теухуауэ къыщызэрагъэпэща зэхыхьэшхуэм дыкIуауэ, МэшбащIэ Исхьэкъ дыхуэзащ. А усэ дыдэм ар къыхуедэжри, дэнэкIи щикъухьа адыгэ лъэпкъым тыгъэ папщIэу уэрэдыр яхуэтщIыну дызэримурадым щыдгъэгъуэзащ. НэхъыжьыIм занщIэу фIэкъабыл хъуащ, арати, къэдгъэгъуащ Адыгэ Республикэм и махуэр щагъэлъапIэкIэ ар утыку къитхьэну. ЗэрыжытIауи, ди къуэш республикэм япэу ар щыжысIащ. Уэрэдым и лъабжьэр гуфIэгъуэщ, адыгэу ущытыным и мыхьэнэр, адыгэ цIэр зэрызетхьэм ди щхьэр лъагэу зэрыдигъэIэтыр, абы щыгъуэм къыдбгъэдэс лъэпкъхэри зэредмыудыхыр, жагъуэу зэрыдмылъагъур къыхэщу. Мурад зыхуэдгъэувыжар къыдэхъулIауэ къысщохъу.

- СызэрыщыгъуазэмкIэ, Лосэным и гъусэу апхуэдэ лэжьыгъэ дахэ куэд дунейм къытевгъэхьащ. «НысэгъафIэ» уэрэдыщIэри абыхэм язщ. Фызэрызэдэлажьэм, фи гъуэгухэр зэхуэзышам утезгъэпсэлъыхьынут.

- Ар кIэщIу пхужыIэнкъым, ауэ Тимуррэ сэрэ лэжьыгъэкIэщ зэрыщIэдзар. Зы уэрэд дызэрызэделэжьу, нэрылъагъу сщыхъуат ди гупсысэхэр зэрызэтехуэр. Альбом зэдэттхыну селъэIури, сыкъигъэщIэхъуакъым. Ди япэрей альбомым уэрэд 11 ихуащ, си япэ дыдэ пшыхьыр зытеухуауэ щытар арат. Абыхэм къакIэлъыкIуащ иджыри альбомих хуэдиз - къэдгъэщIэрэщIэжа уэрэдыжьхэри, хэхэсхэм яхъумахэри, дэ езым тхахэри, кIахэ лъэныкъуэмкIэ къитхыу зэманым къедгъэзэгъыжахэри яхэту. Илъэс 13-м нэблагъауэ дызэдолажьэ, а пIалъэм къриубыдэу къэралибл хуэдизым ди закъуэу драгъэблагъэурэ концертхэр щытхуэщIащ. Сэ сыхэтащ Лосэн Тимур къызэригъэпэща «Бзэрабзэ» гупми. Лэжьыгъэм къыдэкIуэу, къуэш зэхущытыкIэ ди зэхуаку дэлъ хъуащ, унагъуэкIэ дызэкIэлъокIуэ. Си IэщIагъэм щIэгъэкъуэнышхуэ къыщысхуохъури, сыхуэарэзыщ.

- Уэрэдым и къарур къатщтэмэ, цIыхухэм сыт хуэдэ лъапIэныгъэхэм гу лъебгъэтэфыну абыкIэ?

- Япэ изгъэщыр адыгэ уэрэдхэращ. Си лъэпкъым нэхъ егъэщIылIауэ жысIэмэ, сыхуейщ уэрэдым зэми игъэгумэщIу, зэми и гур игъэхуабэу, зэми и щхьэр лъагэу иригъэIэту, языныкъуэми зыщIигъэгупсысыжу щытыну. ЖысIэнуращи, гупсысэ куу зыхэмылъ сфIэфIкъым.

- 2025 гъэм апхуэдэ уэрэд купщIафIэхэр къохъулIауэ къысщохъу. КъыдэбгъэкIахэм ящыщщ: «Голос Победы», «Остановись», «Знаю» жыхуиIэхэр. Уи уэрэдхэр я купщIэкIэ нэхъ «балигъ» хъуауэ къыпщыхъурэ?

- КъэббжэкIахэри иджыблагъэ «Тише» фIэтщауэ къыдэкIари хэкупсэ уэрэдхэщ, гъащIэм ухэзыгъаплъэщ. Уэрэдыр адыгэбзэкIэ жысIэми, урысыбзэкIэ утыку къисхьэми, къызэрызэгъэщауэ, зыгуэрым уригъэгупсысу, уи гур фIым къыхуигъэушу зэрыщытыпхъэрщ зытесщIыхьыр.

- Ди зэманым уэрэджыIакIуэ IэщIагъэр зыхуэкIуэм утезгъэпсэлъыхьынут. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, ахэр къоунэху. Зы лъэныкъуэкIи фIыуэ къыщIэкIынщ щIалэгъуалэр щэнхабзэм, гъуазджэм зэрыхуэпабгъэр. Ауэ щыхъукIи, езыхэри утыкум хуэмыхьэзыру, ягъэзащIэ уэрэдри, зэрыпIащIэм къыхэкIыу, купщIэншэу къыщыщIэкI щыIэщ. Уэ дауэ уеплъырэ абы?

- ЕпIэщIэкIыу яутIыпща уэрэдыр нэхъ щIэхыжуи яIэщIоужагъуэ. Аращи, иджырей уэрэджыIакIуэхэм, щIалэгъуалэм яжесIэфыну зыщ: мазэ бжыгъэкIэ бзэгупэм утелърэ цIыхум уащыгъупщэж нэхърэ, зэман куэд дэкIа нэужьи къызыщIэупщIэжын уэрэд птхымэ куэдкIэ нэхъыфIщ. ПIащIэгъуэкIэ псалъэ бутIыпщар шэ икIам хуэдэщ. Адыгэм и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр зыдэлъ пхъуантэшхуэ ди нэхъыжьхэм къытхуагъэнауэ диIэщи, ахэр зэрытIэтынрэ зэрыдгъэбэгъуэнрэщ зиужь дитыпхъэр.

Уэрэдыр птхын ипэ, пщIэ уегупсысын хуейщ. Сэри срикIуащ а гъуэгум си щIалэгъуэм, ауэ апхуэдэ куэд къытезнакъым, зэрызгъэкIуэдыжынуми сыпылъащ сыт щыгъуи. Абы жыжьэ узэрынимыгъэсыныр пасэу къызгурыIуащ. Нобэ псалъэр «IуэнтIауэ», купщIэншэу къэдгъэсэбэпмэ, къыдэкIуэтеину щIэблэм ар «адыгэбзэу» къащыхъуныр хэлъщ.

Сэ си зы мурад ущызгъэгъуэзэнщ. Дызытехьэну илъэсым щIалэгъуалэм садэлэжьэну сыхуейщ, республикэм и дэтхэнэ жылэми дылъэIэсу, уэрэд жыIэным, гъуазджэм дихьэххэр къыхэтшыным ехьэлIауэ. Ар щIалэгъуалэ центр хуэдэу къызэдгъэпэщынри хэлъщ, къекIуалIэхэр утыку ихьэфу, зедгъэужьу, гъэм и кIэм фестивалышхуэ къызэдгъэпэщыжу. Сэ сщIэрэщи, гъуазджэ щыIэн хуейщ. Махуэ къэс дызэгупсыс Iуэхуу щымытми, ар IэмалыфIщ цIыхум и гур къызэщIэбгъэушэнымкIэ, фIым хуебджэнымкIэ. Зи гугъу сщIы Iуэхур си закъуэкIэ, дауи, зэфIэкIыну къыщIэкIынкъым. КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ, ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэхэр диIэщи, си жэрдэмыр къысхуагъэдахащи, деплъынщ зэрыхъум.

- Артур, уэ утыку укъызэрихьэрэ цIыхубэм фIыуэ уалъэгъуащ жысIэмэ, езгъэлейркъым. ЦIыхум зы зэчий гуэр зэрыхэлъыр иджыри щыщIыкIум щыдалъагъу къохъу, псом хуэмыдэу ар гъуазджэм епхамэ. Пасэу апхуэдэ зыгуэр уэ езым зыхэпщIат е къыбдалъэгъуат?

- Си анэшхуэм и куэщIым сису, иджыри тэмэм дыдэу сызэмыкIуауэ, ауэ, и жьэр джатэм хуэдэщ, жыхуаIэм ещхьу сыщыпсалъэм, сабий уэрэд цIыкIухэр жысIэрт, нанэ сигъэщIауэ. Апхуэдэуи ди щIыпIэ телевиденэм «Музыкальное поздравление» и нэтыным къиту зэ фIэкIа зэхэзмыха уэрэдыр асыхьэту сигу изубыдэрти, жысIэжырт. Уэрэдым седаIуэ къудей мыхъуу, ар зытеухуар, зытепсэлъыхьыр, гъуджэм къищым хуэдэу, IупщIу слъагъурт. Уэрэдым ухыхьауэ уеплъыфу щытын хуейщ, зэхэпхым къищынэмыщIа. Сигу ирихьын уэрэд зэхэсхамэ, си нэр зэтызопIэри, псори теплъэгъуэтеплъэгъуэу си нэгу къыщIоувэ, абы сыхэсщ. Апхуэдэу уэрэдым си гур етауэ сыкъэгъуэгурыкIуащ, иужьым Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым сыщеджащ. ГъэсакIуэфIхэр сиIащ: КъуийцIыкIу Валерийрэ Батыр Мухьэдинрэ куэд къысхалъхьащ. Ди къэралми хамэ щIыпIэхэми щрагъэкIуэкI мастер-класс куэдым онлайн уи офлайни сфIэфIу сыхэтащ, си IэщIагъэм нэхъри зэрыхэзгъэхъуэным нобэми сыхуопабгъэ.

- ЩIэблэ дахэ къыпщIэхъуащ, бынипл уиIэщ. Я адэр куэдым къызэрацIыхур, утыкушхуэхэм зэритыр дауэ къащыхъурэ абыхэм?

- Дауи, яфIэгъэщIэгъуэнщ, сэркIэ пагэуи гу лъызотэри, сэри абы куэдым сытрегъэгушхуэ. Нэхъыжьыбзэм зи гугъу тщIа щIыхьыщIэм хуэдэхэр е узэрагъэлъапIэ тхылъ гуэр къыпхуагъэфэща нэужь, уи щIэблэм ар къищтэрэ зищIысын, сыт щыгъуэ къуатэ жиIэу къоупщIмэ, мис а дамыгъэр къызэрыпхуагъэфэщам и мыхьэнэр абы нэхъ иныж ещI - ар абы еплъынурэ, сэри мис мыпхуэдэу сыхъуну сыхуейщ жиIэнущ, щапхъэ ухуэхъунущ. Аращ дыщIэлажьэри дызытелажьэри - уи щIыбагъ щIэблэм яхуэщхьэпэн гуэр къыдэбнэн зэрыхуейрщ.

- Сыт хуэдэ хабзэхэр фи унагъуэм илъ?

- Си адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ ядэслъэгъуа зэхущытыкIэр щапхъэ схуэхъужауэ жысIэфынущ. Си адэшхуэм унагъуэр зыхуейр кърихьэлIащ, си анэшхуэм ар зэригъэзэхуащ. ЦIыхухэми цIыхубзми щхьэж и къалэн игъэзащIэщ. Сэ сызыдапIыкIа лъэпсэм илъэсипщI сыщыхъуам щегъэжьауэ си анэшхуэм и пэш сыщыпсэуащ, зэрыс гъуэлъыпIэм зыкъытриIэтыкIыу е къэтэджу щытащ, цIыхухъущ, жиIэу пщIэ къысхуищIу. Сэ сыхуэтыпсыртэкъыми «хъэуэ, утIысын хуейщ» жиIэти, езыр лъэныкъуэкIэ кIуэрт. Сэри си унагъуэм цIыхухъум и пщэ дэлъыр зэфIэгъэкIыу, цIыхубзым къытехуэр ищIэу апхуэдэущ зэрыщытыр. Абы утетмэ, пщIэ-нэмыс уи зэхуаку дэлъынущ.

- Упсэу, Артур, укъызэрытхуеблэгъам папщIэ. ЕхъулIэныгъэщIэхэр уиIэну, уи мурадхэр къохъулIэну ди гуапэщ.

Епсэлъар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Дунейм щыхъыбархэр

Я щхьэм зэран хуохъуж

Италием и вице-премьер Сальвини Маттео жиIащ Урысейм и экономикэр къэгъэтIэсхъэным хуэунэтIауэ Евросоюзым къыхилъхьа санкцэхэр езыхэм зэран зэрахуэхъужар, а Iуэхум кърикIуэу гъэсыныпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, щIыдагъэм, электрокъарум я уасэхэм зэрыхэхъуар.

АБЫ ягу къигъэкIыжащ нэхъапэкIи Урысейр лъэгуажьэмыщхьэу ягъэувыну зэрыхэтар тхыдэм къызэрыхэщыжыр. «Апхуэдэ гугъэр яIащ Гитлери Наполеони, ауэ тIуми я мурадхэр къехъулIакъым, европей лIыщхьэхэми ар яхуэзэфIэкIыныр фIэщщIыгъуейщ», - жиIащ абы.

Вице-премьерым къыхигъэщащ Европэм дежкIэ шынагъуэ нэхъыщхьэр хабзэр къызэпауду ипщэ гъунапкъэмкIэ къикI Iэпхъуэшапхъуэхэрауэ зэрыщытыр, армыхъумэ, езыхэр зэрыгугъэм хуэдэу, къуэкIыпIэ гъунэгъухэракъым.

Ухуэныгъэ IэнатIэр йофIакIуэ

УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав къелъытэ УФ-м псэупIэ унэхэр щыухуэным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIыу.

«АБЫ и лъэныкъуэкIэ мы зэманым щыIэ щытыкIэр совет лъэхъэнэм еплъытмэ, иджыпсту псэупIэ ухуэныгъэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр диIэщ. АдэкIи дыкъэувыIэ зэрымыхъунур къыдгурыIуэ, Iуэхур цIыхухэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ щыIэ гугъуехьхэр зэфIэхыным хуэгъэпсауэ зэрыщытым къыхэкIыу», - жиIащ абы.

Володин Вячеслав къызэрыхигъэщамкIэ, цIыхухэм хуиту псэупIэ зыIэрагъэхьэфыныр а унэтIыныгъэм щыIэ ехъулIэныгъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэщ. «ПсэупIэ унэхэр Урысей Федерацэм и цIыху псоми, ар щыпсэу щIыналъэм емылъытауэ, зэхуэдэу зрагъэгъуэтыфу щытын хуейщ», - жиIащ УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщIым.

Дыгъэгъазэм и 18, *махуэку*

♦**УФ-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм езыхэм я шынагъуэншагъэмкIэ и къудамэм я махуэщ**

♦**1930 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Жамборэ Хьэсэнбий**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Къущхьэбий Виктор**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Урысейм ХудожествэхэмкIэ и академием, Испанием и сурэтыщIхэм я академием, ЩIДАА-м я академикыу щыта **КIыщ Мухьэдин**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ политик, жылагъуэ лэжьакIуэ, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м и академик, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Федченкэ Людмилэ**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «Линкор» дунейпсо компанием и генеральнэ унафэщIым и къуэдзэ **Щоджэн Iэуес**.

♦**1984 гъэм** къалъхуащ журналист, егъэджакIуэ **Щоджэн Мурат**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градуси 7 - 8, жэщым щIыIэр зы градус щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 19, *мэрем*

♦**ХуэмыщIахэм защIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и Къэрал Къулыкъум и дзэ тIасхъэщIэх IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1906 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адмирал, Ищхъэрэ, Балтие флотхэм я командующэу щыта **Головко Арсений**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Горькэм и цIэр зезыхьэ Дунейпсо литературэ институтым и профессор **Алий Аллэ**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ футболист Iэзэу щыта, СССР-ми РСФСР-ми я чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Iэпщэ Александр**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 6 - 7, жэщым щIыIэр 0 - 2 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЦIыхум къамыщIэ щэху щыIэкъым.

Напэм къихъума цIыхугъэ

ЩIэныгъэрылажьэ цIэрыIуэ Нало Евгение Жамырзэ и пхъур дыгъэгъазэм и 24-м илъэси 105-рэ зэрырикъур нэхъ пасэу фигу къэдгъэкIыжауэ щытащ, и цIэр а махуэ закъуэм фIэкIа къыдмыIуэу къэмынэн папщIэ. Сыт нэхъ лейуэ а бзылъхугъэ губзыгъэм хужытIэфынур, езыр зрикIуа гъуэгур и напэр къабзэу зэрынигъэсам нэмыщI? Абы нэхърэ нэхъыби ухуей уи щIыбагъым къыдэбнэну?

«НАЛО Евгение дригъэджащ», - жаIэу, нобэ лъэпкъым и тхыдэ щIэныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуатэхэм ядыболъагъу абы и зэфIэкIыр зыхуэдар. Налом и гъэсэнхэр адрейхэм къахэзыгъэщыр я лэжьыгъэм зэрыхуэIэижьым и закъуэкъым, уеблэмэ IэщIагъэ къаIэрыхьам ирахьэлIэ Iэбэкъэр зэрынэгъэсам дежи щиухыркъым. Зи гугъу тщIы бзылъхугъэм бын къызэринэкIакъым, цIыхубз насып жыхуаIэм и Iыхьэуи игъэунэхуар мащIэ дыдэщ. Ауэ щыхъукIэ, «мыр къыджиIат», «мыбы дригъэсат», «мыр къытхуидэнутэкъым» жызыIэхэм я бжыгъэр апхуэдизкIэ куэдщи, псори зытет насып жыпхъэм нэхърэ нэхъыфI гуэри зэрыщыIэр уи фIэщ ещI. И щхьэмрэ и унагъуэмрэ зыхуей хуигъэзэныр хэти и къалэнщ, дауи, ауэ Хэкур фIыуэ зымылъагъу цIыхум тхыдэ щIэныгъэм хищIыхьыфын щыIэкъым. Сыт а лъагъуныгъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэр? Дауи, езы щIэныгъэлIыр зи блэкIар идж лъэпкъым и щапхъэ екIуу дунейм зэрытетырщ. Абы къикIращи, егъэджакIуэм и пащхьэм ис студентыр щIэныгъэлIышхуэ мыхъуми, къэзылъхуа я адэанэм деж щыщIэдзауэ игъащIэм ямылъэгъуа я лъахэгъум деж щиухыжу, къызыхэкIам хуэпэж цIыху игъэсэныр хузэфIокI егъэджакIуэ нэсым.

Нало Евгение и гъащIэ гъуэгури щIэныгъэ лэжьыгъэхэри абы хэкупсэ гурыщIэ куу зэриIам и щыхьэту къоув. Мызэ-мытIэу абы Iэмал иIащ и Iуэху къыщызэрамыхуэн, нэхъыбэ къыщилэжьын, нэхъ тыншу щыпсэун щIыналъэхэм къэнэну, и цIыхугъэхэр къигъэсэбэпу, IэнатIэ «хуабэ» зригъэгъуэтыну. Ауэ захуагъэр гъащIэ хабзэу зыхапща хъыджэбзым сыт щыгъуи къыхихар хэкIыпIэ нэхъ дэгъуэзеигъуэрщ. Сыт абы и щхьэусыгъуэр жыпIэу ущIэупщIэмэ, жэуапу къыпхуэгъуэтыр зыщ: езыр зытет Захуагъэм къару зэриIэр Евгение и нэкIэ имылъэгъуамэ, гъащIэм и IэфIыр ирикъуу зыхищIэну къыщIэкIынтэкъым.

Франджы тхакIуэ Камю Албер жыIэгъуэ гъэщIэгъуэн иIэщ: «ЦIыхум и ныбжьыр щыхэкIуатэкIэ, езым къилэжьа теплъэр къыIэрохьэж». КъикIуа гъуэгуанэм банэ тезу къыщIэкIами, Нало Евгение фэрыщIыгъэм хуэхей теплъэ гунэсрэ псэ хьэлэлрэ иIэу гъащIэм и кIэухым зэрекIуэлIар ар зыцIыхуахэм къаIуэтэж.

Хэку лъагъуныгъэм и гугъу щытщIкIэ, абы и щыхьэту Евгение и гукъэкIыжхэм къахэщ зы хъыбарым дыблэкIынкъым. Зи гугъу тщIыр «Тутнакъэщым щылажьэ дохутырым деж Катакурган сызэрыщыпсэуар» жыхуиIэрщ.

И унагъуэр зэбгрыдза хъуауэ, и адэр хьэпсым ису, и анэмрэ и шыпхъухэмрэ зыщагъэпщкIуар имыщIэххэу, и дэлъхур унафэ зыIэщIэлъхэм зэхэзехуэн щащIа лъэхъэнэрат ар зыхуэзар. Ерыскъы хуэныкъуэ хъыджэбз зи хэхъуэгъуэр и ныбэ изу зэрымышхэм лъэрымыхь ищIати, лажьэ имыIэу зрадза тутнакъэщым кърагъэкIыжа нэужь, абы дохутыру щылажьэ лIы хъарзынэм Евгение езым и унэм щэхуу ишэри, къызэфIигъэувэжауэ щытащ. Хуэмурэ зи гур къиихьэжа хъыджэбзым унэм Iэбэн щыщIидзащ, ауэрэ бын зимыIэ дохутырымрэ абы и щхьэгъусэмрэ я деж къагъэнэпэну къэхъуэпсащ. АдэкIэ къэхъуам езы Евгение и псалъэхэмкIэ къыпытщэнщ.

«Махуэ гуэрым Марие Федоровнэ къызжеIэ: «Пхъу схуэхъу». ТIуми ди нэпсым къызэпижыхьат. Арати, абдежым, фи фIэщ хъурэ, ди унагъуэм апхуэдиз лей къыщытехьа си Къэбэрдей цIыкIунитIэр си нэгум къыщIэуващ. СщIэркъым лъэпкъылъ пщIэтыным къикIыр. УкъызыхэкIар фIыуэ щIэплъагъу щхьэусыгъуэр сыт? Урыху си нэгум къыщIэуващ, абы щыслъэгъуа мывэшхуэхэр, си Iыхьлыхэр, иджыри псэу си гугъэ, ауэ зэраукIар сымыщIэ си адэ къуэшхэр. Псори дылIа хуэдэу ахърэтым дыщыIэу, абыхэм сахуэзэжауэ къызыфIызогъэщI. «КъыдэпцIыжа! КъыдэпцIыжа!» - къызжаIэ хуэдэщ псоми. Дауэ ахэр сщыгъупщэу, мы цIыху хамэхэм анэрэ адэкIэ сызэреджэнур? ИтIани, мыбыхэм сылIэу сыкъызэфIагъэувэжащ. Мыхьэнэ зимыIэ мы си гъащIэр къысхуахъумащ. Зыхуейр яхуэзмыщIэжыну емыкIуукъэ?! Арати, сыкъэтэджщ, Марие Федоровнэ IэплIэ быдэ хуэсщIри, си Iэхэр сымыутIыпщу, и лIым деж еслъэфэжьащ.

«Сэ си анэм фэ фхуэдэу щIэныгъи бгъэдэлъкъым, - яжызоIэ, - ауэ нэгъуэщI цIыхубзым «анэкIэ» седжэфынукъым. Фи фIэщ хъурэ? Си адэр псэууэ согугъэ иджыри, хьэпс гуэрым ирадзауэ ис къыщIэкIынщ. Дауэ сэ абыхэм сазэрепцIыжынур?»

Абдежым мо лIышхуэм гъуэгын щIедзэ, зэи сщыгъупщэжынкъым абы и макъыр. «ИгъащIэм уэ пхуэдэ цIыху щыпкъэ сыхуэзакъым, - къызжиIащ дохутырым зызэтриубыдэжри. - Узэрыхуейм хуэдизрэ ди деж щыIэ, сыкIуэжарэт щыжыпIэм деж, сэ узыхуеину тхылъымпIэхэр къыпхудэсхынщ».

Нобэ гъащIэм апхуэдизкIэ зихъуэжащи, адэ-анэхэм ящыщу мащIэщ я быныр Хэкум кърaнэну ехъуапсэр. Узыдэмыхьа къуэладжэлы дэзщ, жыхуаIэм ещхьу, нэгъуэщI щIыпIэ нэхъыфIу щеджэну, нэхъыбэ къыщалэжьыну, абы къикIращи - нэхъ насыпыфIэу щыпсэуну къащохъу нэхъыбэм, арaщи, езыхэр щIэгъэкъуэнынышэу къызэрынэм трамыщIыхьу, я быныр яутIыпщмэ, нэхъ къащтэ. Нало Евгение лъэпкъ зэхэгъэж зэрыхэмылъам, езыми щIэныгъэшхуэ зэриIам тепщIыхьмэ, щымылэжьэфын къалэрэ щримыгъэджэфын еджапIэ нэхъыщхьэрэ къэгъуэтыгъуейт. ИтIани, езым къигъэзэжам и мызакъуэу, бзылъхугъэ Iущым IэщIагъэ хуэхъуа IэнатIэм щынэхъыщхьэр зэхигъэкIауэщ ныбжьыщIэхэм я пащхьэм зэриувар. Хэкум и пщIэр ар езыхэм я фейдэкIэ къэзыгъэщхьэпэхэм къагуэпхыфу ущытын зэрыхуейр, щIыналъэм и уасэр абы зыгуэрым лей зэрыщызэрихьэм зэремылъытар и гъэсэнхэм яхипщэфащ.

Иужьрей гупсысэм и мыхьэнэр IупщIыбзэу къыхощ Нало Евгение къызэринэкIа тхыгъэхэри езым и гъащIэ гъуэгури цIыхубэм ялъэзыгъэIэсыжа, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Мэрзей Аслъэнбэч и псалъэхэм: «ЦIыхум и хьэл зэтеувэгъуэм унэтIакIуэ къыхуэхъуну гуэр хэмытынкIэ Iэмал иIэкъым. Псом япэ апхуэдэ пхуохъу адэ-анэр. Абыхэм уакъыфIэкIмэ, ныбжьыщIэм щапхъэ хуэхъунури, щэн зыхилъхьэнури куэдкIэ елъытащ абы егъэджакIуэ хуэхъум. Сэ сызэреплъымкIэ, гъэсакIуэхэм жэуаплыныгъэшхуэ яхь ирагъаджэхэм зыхалъхьэну нэмысми, цIыху хьэлу къащтэнуми теухуауэ. ЩIэныгъэ зиIэ цIыхум хабзи нэмыси щыдумылъагъу куэдрэ къохъу. ЩIэныгъэшхуэ зэбгъэгъуэтын хуейщ къыхэпха лъэныкъуэм IэщIагъэлI ущыхъун папщIэ, итIани, гъащIэм мыхьэнэ нэхъ щызиIэр цIыху узыщI щIэныгъэрщ. Сыт къэхъуми, цIыхуу укъызэрынэжыпхъэр пщимыгъэгъупщэу. Зы егъэджакIуэми хуригъэджэфынукъым абы, и еджакIуэхэм яхипщэну зыхуей хьэлыр езым дамылъагъумэ. Сабийхэми щIалэгъуалэми фэрыщIыгъыр зэуэ зыхащIэ, ахэр къэгъэпцIэгъуейщ. А лъэныкъуэмкIэ дэ, студентхэм, ди гъащIэ гъуэгум Нало Евгение Жамырзэ и пхъур зэрытетамкIэ ди насып къикIауэ жыпIэ хъунущ.

Абы щIэныгъэр фIыуэ тлъагъуу дищIащ, ауэ дерс нэхъыщхьэу къыдитар мардэ хэIэтыкIам тет, нэмысышхуэ зыхэлъ ЦIыху къытхищIыкIыну зэрыхэтарщ. Нэрыбгэ щхьэхуэм зытемыкIыну хьэл, Iуэху еплъыкIэ, зигъэтыншын, и Iуэху дигъэкIын папщIэ зэмыбэкъуэну теубыдапIэ ткIий имыIэмэ, апхуэдэ цIыхур гъащIэм имыгъэунэхункIэ Iэмал иIэкъым. «Хьэлыр уи натIэм итырщ», - жаIэу зэхыбох. Иджыри жаIэ Алыхьым фIыуэ илъагъухэр игъэунэхуу. Евгение Жамырзэ и пхъум и гъащIэ гъуэгум гъэунэхугъуэу хэтар мащIэкъым, ауэ абы щхьэкIэ и гур бзаджэ хъуакъым, цIыхуфIу, къыбдэIэпыкъун хьэзыру, хабзэшхуэ зыхэлъ цIыху гумащIэу щытащ. Абы цIыхухэр, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр, езым и студентхэр фIыуэ илъагъурт, езыхэми къалъагъужырт. Сыщыуэну къыщIэкIынкъым, тхыдэмкIэ факультетым апхуэдэу пщIэшхуэ зиIа егъэджакIуэ зэрыщымылэжьар жысIэмэ. Ар студентхэм анэм хуэдэу къытхуэгумащIэт, ауэ щIэныгъэ зэгъэгъуэтын къалэным ди фIэщу демылIалIэу къытхуидэртэкъым. ИкъукIэ тфIэгъэщIэгъуэнт гур зытхьэкъу, щIэныгъэ тегъэщIапIэхэр нэгъэсауэ къыщыхьа абы и лекцэхэм дедэIуэну. Дыгупсысэу дригъасэрт, цIыхум и гурей-гурыфIым емылъытауэ, щIэныгъэм и хабзэм дыхуиунэтIу. ЦIыху къызэрымыкIуэу щытащ Нало Евгение, и гъащIэ гъуэгури зыми ейм пхуегъэщхьынукъым».

Мэрзей Аслъэнбэч жиIэм дыщIыбгъуэфынур зыщ: Нало Евгение и лъагагъыр дигъэлъагъун папщIэ ар зыхэщыпыхь псалъэхэм нэхърэ нэхъ щыхьэт наIуэщ езым тхыдэдж лъэрызехьэ къызэрищIыкIар. Абы нэхърэ нэхъ щытхъушхуэ ЕгъэджакIуэм хуэбгъэшыфынукъым.

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ЯфIэпсэу газетхэр

УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIхэр гъэмахуэ кIуам Налшык къеблагъэхэри, «Инфорум» зыфIаща зэхуэсышхуэр ирагъэкIуэкIат. ПщIэ зыхуэфащэ хьэщIэ псоми къахэдгъэщу, дигу нэхъ къинэжауэ щытащ зэгухьэныгъэм и секретарь Касютин Владимир къызэрыпсэлъар.

IУЭХУМ зэрыхищIыкIыр белджылыуэ, журналистикэр зэрыт щытыкIэ гугъум къызэрикI щIыкIэри, нэхъыфIхэм хабжэхэм я лэжьэкIэми щыгъуазэ дищIат Касютиным. УпщIэ псори зэкIуэлIэжыр зы Iуэхугъуэт: интернет щыщыIэкIэ, «соцсеть» жыхуаIэ хъыбар зэIэпыхыпIэхэм къэхъуар асыхьэтым япхъуатэу здынэсыпхъэм щынахьэскIэ, сыт тхылъымпIэ газет щIытебдзэнур?

Нэхъыбэм а упщIэм пагъэтIылъыр зы жэуапщ: газетхэр унафэ зыIэщIэлъхэм я жыIэ щIэтщи, зыхуейр пхагъэкIын, ипэжыпIэкIи цIыхубэр ямыгъэщхьэрыуэн папщIэ, тхылъымпIэм тет прессэр зыIэщIагъэкIыркъым. Пэж гуэри хэлъынкIи мэхъу мы еплъыкIэм, ауэ, япэрауэ, иджы интернетым напэкIуэцI щызимыIэ газет щIагъуи щыIэжкъым, дзыхь нэхъ зыхуэщIыпхъэ хъыбархэри щагъэхьэзырыр редакцэхэрщ.

«Соцсетхэм зэрызаужьам щIыпIэ щхьэхуэхэм къыщыдэкI прессэр щIилъхьэжыну я гугъа щхьэкIэ, апхуэдэу къэхъуакъым, - щетх Касютиным езыр зи редактор нэхъыщхьэ «Журналистика и медиарынок» журналым. - ТхылъымпIэм тет хъыбарыр псынщIагъкIи къэIуэтэкIэ IэзагъкIи къащыкIэрыху къохъу, итIани, газетхэр зыгуэркIэ нэхъыфIщ «модэ щызэхэтхат», «мыбы къралъхьауэ дыкъеджат» жыхуаIэ хъыбар пытхъахуэхэм нэхърэ, сыту жыпIэмэ, жэуаплыныгъэ зыхэлъ журналистыр, Iуэхур зыIутыр зримыгъащIэу, IэуэлъауэI гуэр къигъэхъун къудей щхьэкIэ, утыкум илъадэркъым».

Урысейм и щIыналъэхэм къыщыдэкI газет-журналхэм мылIэжыныпсэ яIутым хуэдэщ, - пещэ адэкIэ Касютиным. Мыхьэнэшхуэ мыбдежым нэхъ зиIэр редакцэм и лэжьакIуэхэу зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъухэрщ, улахуэр зэрыцIыкIуми къимыгъэувыIэу, мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэ зэрызэфIагъэкIыр зыщIэжхэр.

ЩIыналъэ газетхэр зэрыпсэур гурыIуэгъуэщ. Ауэ сыт хуэдэ мылъку ахэр зыхэпсэукIыр? ИлъэсипщI блэкIам и кIуэцIкIэ уней прессэр кIуэдыж ныкъуэ хъуащ, хьэрычэт IуэхукIэ фейдэшхуэ къыпхуэзыщIхэм ящыщкъым печатыр. Абы хэлъхьэж редакцэхэм я лэжьыгъэр къызэрапщытэ мардэхэр кIуэтэху нэхъ къиин зэрыхъур.

Касютиным щапхъэ зыбжанэ къехь, Урысейм къыщыдэкI газет-журнал щхьэхуэхэм къызэрелын Iэмалу къагупсысахэм ятеухуауэ. Ауэ псори зэхэту къапщтэмэ, газетхэр къызэтебгъэнэнур Iуэху тыншу щытыр пэжкъым.

«Сэ зыхэсщIыкIым тепщIыхьмэ, къэралым щылажьэу щыта газет 2100-м ящыщу, зэхуащIыжар район газети 10 - 15 къудейщ, - пещэ секретарым. - АбыкIи пхуэгъэкъуэншэнур район унафэщIхэмрэ абыхэм ядекIуэкIыныр зэзымыгъэхъулIэфа редакторхэмрэщ».

Газет къэс езым и ахъшэ къэлэжьыкIэ Iэмал иIэжщ, Касютиным зэрыжиIэмкIэ. Ауэ псори нэхъыбэу зыщыгугъыр къэралым къарит мылъкурщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэм тхылъымпIэм тету къыдэкI газетхэм сом мелуан 500-м нэс яхухегъэкI. Ар куэд хъуркъым, грант къэзыхьыфхэр мин 13-м зэрыщIимыгъум еплъытмэ.

Урысейм къыщыдэкI газет-журнал псоми ятелъ бэлыхь нэхъыщхьэр ар цIыхухэм зэраIэрагъэхьэн Iэмал тынш къазэрыхуэмыгъуэтырщ. ЯзыныкъуэI къуажэхэм пощтхэр щылэжьэжыркъыми, газетхэр библиотекэхэм яхь. Абы щылажьэхэм газет зэбграхыну я къалэнкъым. Унафэ зыIэщIэлъхэр къадэмыIэпыкъуу щытмэ, редакцэ къэс езым и хэкIыпIэ къигъуэтыжын хуей мэхъу, цIыхухэм я тедзапщIэр хэмыкIуэдэн папщIэ.

Гу лъыптэу, газетхэм кIуэ пэтми соцсетхэм я увыпIэ щаубыд, ауэ езыхэм я инагъымрэ ахэр тезыдзэхэм я бжыгъэмрэ зэрыхэщIынур гурыIуэгъуэщ. ИтIани, тхылъымпIэм тету къыдэкI газетхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ, абыхэм я лэжьыгъэр соцсетхэм зэфIагъэкIыфынукъым.

КъызэрывгурыIуащи, Касютиным и гупсысэхэмкIэ дыщIыдэгуашэр ар дэри ди гум къызэришхыдыкIырщ. ИтIани, Урысеишхуэм къыщыдэкI газетхэм зы яхэкIуэдыкIыкIэ, урысыбзэр нэхъ лъэрымыхь хъунукъым. Дэ ди газетым и гъащIэр къыгуэхыпIэ имыIэу адыгэбзэм епхащи, ар зыIууэ лъэпощхьэпохэр зэрытлъагъур лъэпкъым и щыщIагъэуэщ.

● Щэнхабзэ

Ухэт уэ, хьэт?

Илъэс мин бжыгъэ зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, Кавказ Ищхъэрэмрэ Азие ЦIыкIумрэ щыпсэуа, адыгэр къызытехъукIыжа хьэт лъэпкъыжьым и цIэр зезыхьэ къэфакIуэ гупыр мы гъэм илъэс 20 ирикъуащ. 2005 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м «Хатти» къэфакIуэ гупыр япэу утыку къыщихьауэ щытащ Къайсэр къалэм. Гупыр къызэрызэрагъэпэщам, блэкIа илъэсхэм кърикубыдэу ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм къытхутопсэлъыхь «Хатти»-м и унафэщI Балъкъэр Казбек.

- Сэ адыгэ щэнхабзэр фIыуэ сэзыгъэлъэгъуар Думэныщ Iэулэдинщ. «Кабардинка» гупым сыщыхэтым абы тхыдэм, щэнхабзэм, хабзэм, IуэрыIуатэм теухуауэ куэдым дыкъригъэдаIуэрт. Ар Iэулэдин апхуэдизкIэ дахэу, узыIэпишэу, гъэщIэгъуэну жиIэжырти, сыдихьэхыпауэ седаIуэрт. Мис абдежырщ къыщежьар сыкъызыхэкIа лъэпкъымрэ тхыдэмрэ хузиIэ лъагъуныгъэр. Си ныбжьэгъу гуэрым чэнджэщ къызитащ: «КъэфакIуэ е уэрэджыIакIуэ гуп зэхуэшэс, сэ мылъкукIэ зыпщIэзгъэкъуэнщ». Сэри щIэ гуэр щэнхабзэм хэслъхьэну си гуращэти, сытегушхуащ. Сыкъигъэпэжащ - мылъкукIи зыкъысщIигъэкъуащ, «Хатти»-м щыгъа фащэхэр тхуезыгъэдари гъуэгу дытезыгъэувари арaщ. ФIыщIэ хуэсщI пэтми, сешыркъым.

- Утыку къифхьа фащэщIэхэр ди цIыхухэм къагурымыIэу, ипэхэм куэдрэ тепсэлъыхьауэ сощIэж...

- Пэжщ. Куэдым къыддагъуащ ди шыфэлIыфэр. «Мы фщыгъхэр адыгэ фащэкъым. «Кабардинка»-м фыдэплъей», - жаIэрт. Ауэ, дэфтэрхэм ухэплъэжмэ, европей зыплъыхьакIуэхэм къызэранэкIа тхыгъэхэр къэпIэтыжмэ, илъэс 500 ипэкIэ адыгэм щыгъа фащэр «Хатти»-р утыку къызэрихьауэ щытаращ. Ар тхыдэм къыхэтэджыкIыжа пэжщ икIи тщIэн хуей Iуэхущ. Гу лъытапхъэщ а фащэхэр едгъэдын ипэ къихуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэхэм дызэречэнджэщам. Гугъу къыддехьащ щIэныгъэлI Кхъуэжь Заурбэчрэ Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликсрэ. Абыхэм апхуэдизкIэ дзыхь яхузощIри, ахэр зыхэIэба, яубзыхуа Iуэхум зэи сытеIэзэщIыхьыжынукъым. КъищынэмыщIауэ, дыкъызыдэфэ макъамэхэри дызэмысат. Пасэ зэманым ди адэжьхэр къызыдэфэу щыта макъамэжьхэм дедэIуэжри, дигу ирихьхэр къыхэтхащ, гупыр къыщызэдгъэпэщам пшынауэ, макъамэтх Iэзэу къэунэхуа Иуан БетIал и къэухьым къызэритIасэу ахэр тхуигъэзащIэри, утыку дыкъихьащ. Хуабжьу къыддэIэпыкъуащ накъырапщэ Увыж Анзори. Ди теплъэкIэ зэпэщ дызыщIа, фащэ дахэхэмкIэ дызыхуэпа ХьэцIыкIу Мадинэ къытхуищIар щхьэхуэу узытепсэлъыхьын Iуэхущ. Ди гупым и «купщIэр» наIуэ къэзыщI, цIыхум ягъэщIагъуэ пэтми яхуэмыIуэтэж фащэхэр арaщ зи IэдакъэщIэкIыр. Мадинэ цIыхуфIщ, гумызагъэщ, набдзэгубдзаплъэщ, вэгъээгъщ. Абы къыхэкIыу, удэлэжьэну, Iуэху дэпщIэну гупсэхугъуэщ. Ди гупыр къыщыунэхум чэнджэщэгъу схуэхъуащ Сэралъп Мадинэ. Гупсысэ, къару куэд къытхилъхьащ абы. И цIэр къисIуэну сыхуейт усакIуэ, тхакIуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ. Абы уэрэд зыбжанэ тхуитхащ. Макъамэ Iэмэпсымэхэр къытхуищэхуат Алътуд Арсен. Зыми и нэIэ дыщIэмыту, улахуи къэдмыхьу зыкъомрэ дыкъэгъуэгурыкIуащ. Ауэ лъэпкъым щхьэкIэ умыщIэн щыIэ! Ди щэнхабзэ дахэр дунейпсо утыкум итхьэмэ, абы насыпыфIэ дищIу, дыкъэфащ.

- ИпэжыпIэкIэ, «Хатти»-р зэпымычу утыку итауэ пхужыIэнукъым, Казбек. ЩыIащ зэман илъэс бжыгъэкIэ концерт щывмыта. Сыт ар къызыхэкIар?

- Хамэ къэралхэми ди гъунэгъу щIыналъэхэми жыджэру зыкъыщыдгъэлъэгъуащ 2000 гъэхэм и пэм. Ауэ, узэрыпсэун, зэрызыбужьын ахъшэ уиIэн щхьэкIэ концерт птын хуейщ. Абы мылъку зэрытекIуэдэнуми ухуэхьэзыру щытыпхъэщ, гупышхуэ ухъуу гъуэгу ущытеувэкIэ. КIэщIу жыпIэмэ, Iуэху куэдым елъытащ зэпымычу утыку уитыныр. Дауэ мыхъуами, макъышхуэ ищIу утыку дыкъихьати, зэуэзэпсэу дыбзэхыжыну емыкIущ. Иджыпстуи зэрыхъум хуэдэу дыкъофэ, зыкъыдогъэлъагъуэ. ЩыщIэддзагъащIэм лъагапIэщIэхэм дыщIэхъуэпсырт... Ди къэфакIуэхэр я къару емыблэжу щIэлэжьар дыкъызыхэкIа лъэпкъым и щэнхабзэр ягъэкIуэтэн папщIэти, нобэ дэIэпыкъуэгъу димыIэми, тхузэфIэкIыр дощIэ.

- «Хатти»-р къэфакIуэ гуп и закъуэ мыхъуу, уэрэджыIакIуэхэри фиIэщ. Бэч Азэмэт, Иуан БетIал, Хьэгъур Залым сымэ я цIэр щIэрыщIэу къэIуат япэу концерт щыфтам...

- Артист зэчиифIэхэмкIэ къулейщ ди гупыр. Сэ езым макъамэр зыпэсщIын щыIэкъым! Адыгэ уэрэдыжьхэр рок гъэзэщIэкIэм идгъэзагъэмэ дауэ хъуну пIэрэ жытIэри, дегупсысат щIэщыгъуэ хъун папщIэ. Ауэ, уэрэдхэм я «адыгагъэр» мыкIуэдын папщIэ, пшынэри, пхъэцIычри, шыкIэпшынэри, накъырэри хэдгъэхьащ. Щхьэщытхъур хьэлыфIкъым, ауэ хьарзынэу къыдэхъулIауэ къызолъытэ. Пэжщ, щIэм занщIэу уесэркъым, зыми щымыщ гуэру къыщыпщыхьуи щыIэщ, ауэ, зэманым декIур лIыфIщ, жиIатэкъэ Къэзанокъуэм?! «Хатти»-мкIэ сэ згъэлъэгъуэну сызыхуеяр зыщ - адыгэ къафэр зы пIэ гуэрым инауэ зэритыр, абы къишын зэрыхуейр. Сыту жыпIэмэ, щэнхабзэр лъэпкъым и блэкIам и закъуэкъым зи фащэр. Абы лъэпкъым и нобэри къегъэлъагъуэ. Иужьрей илъэс 500-м къриубыдэу зызыхъуэжами гульытэ иIэн хуейкъэ?! Мис аращ хьэтхэр къыщыунэхуами, иужьыIуэкIи гупсысэ нэхъыщхьэу диIар, армыхъумэ адыгэ щэнхабзэр зэблэIуэнтIыкIауэ утыкум къитхьэныркъым.

- НобэкIэ сыт фи мурад, Казбек? Фылажьэрэ, фыкъафэрэ?

- Дигу илъщ концертышхуэ зэхэтшэну. Хуэм-хуэмурэ зыдогъэхьэзыр.

- Тхьэм къыфхузэпищэ. Дыпоплъэ!

Нобэ хуэдэу сощIэж «Хатти» гупыр къафэу япэ дыдэ щыслъэгъуауэ щытар... Сэ езым къафэхэм мащIэ гуэр хэсщIыкIыу, КъБР-м и къэфакIуэ гуп зыбжанэм сыкъыщыфэу щытати, адыгэ къафэм и пIалъэм сыщыгъуазэт, и фащэр мыIейуэ сцIыхурт. Ауэ, алъандэрэ сызэса къэфэкIэмрэ фащэмрэ емыщхь, сыт и лъэныкъуэкIи щIэщыгъуэу ди щэнхабзэм екIуу, щабэу, дахэу къыхэпшэхъуа хьэтхэм удамыхьэхынкIэ Iэмал имыIэу апхуэдэт. Ари гурыIуэгъуэт - е 17 - 18-нэ лIэщIыгъуэхэм къекIуэкIа зауэлI фащэхэмкIэ хуэпа, Iэщэ-лъащIэкIэ зэщIэузэда щауэ къуданхэр, пщы гуащэ щIыкIэу пщащэ пагафэхэр псым ес къыум хуэдэу утыку къыщихьэкIэ уигури уи псэри хэхъуэрт.

ФЫРЭ Анфисэ.

Паспортхэр иратащ

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм УФ-м и Конституцэм и махуэм ирихьэлIэу паспортхэр щратащ илъэс 14 хъуа ныбжьыщIэхэм. Гулъытэ хэха хуащIащ еджэнымрэ спортымрэ къыщыхэжанықIа школакIуэхэм, Налшык къалэ дэт еджапIэ №7-м полицэм и кадет классым щIэсхэм.

IУЭХУ гуапэм кърихьэлIащ КъБР-м щыIэ МВД-м и Жылагъуэ советым, республикэ ОВД-м и ветеранхэм я щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм я унафэщIхэу Мэкъушэ Русланрэ Пыхъ МуIэедрэ, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ Крючков Вячеслав ныбжьыщIэхэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ паспортыр къуатыныр щIыхьышхуэу зэрыщытым и мызакъуэу, ехъулIэныгъэщIэхэм я бжэхэр къахузэIузых, жэуаплыныгъэ зыпылъ гъуэгуанэм зэрищIэдзапIэр. «ЗыщывмыгъэгъупщIэ, дэтхэнэ фи IуэхущIафэми иджы мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ди къэралым и къэкIуэнур зыхуэдэнур фэри зэрывэлъытар», - жиIащ министрым.

Паспортыр зыIэщIалъхьа ныбжьыщIэхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ Мэкъушэ Руслан, Пыхъ МуIэед, Шыпш Аслъэн сыми.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ школ №7-м и кадетхэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэм, апхуэдэуи КъБР-м щыIэ МВД-м ЩэнхабзэмкIэ и центрым и лэжьакIуэ ДыщэкI ФатIимэ игъэзэщIа «Матушка Земля» макъамэ композицэм.

Республикэ МВД-м и унафэщIхэм къызэхуэса школакIуэхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ яхуищIащ еджакIуэ Безыр Денизэ.

НыбжьыщIэхэм паспортхэр зэрыратар ахэр балигъ гъащIэм зэрыхыхьэм, я граждан жэуаплыныгъэр зыхэщIэным я дамыгъэ хъуащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Къэхьэуэм къыхэкIа хъуаскIэ

ЩIыналъэм и щытыкIэр къэпщIэну ухуеймэ, ихъуреягъкIэ зыплъыхь. Пщэдей Хэкум щыпсэуну щIалэгъуалэм я гуращэхэр къыщалъхуа щIыпIэм ирапхмэ, абы насыпыфIэ зэрыщыхъунум шэч къытрамыхьэмэ, псори дэгъуэщ, ущIэгузэвэн щыIэкъым.

ДИ щIыпIэм лэжьапIэ щумыгъуэтыну, бей ущымыхъуфыну, уи унагъуэр щыпхуэмыпIыжыну жызыIэхэр куэд мэхъу. Къыщалъхуа Хэкур цIыхушхуэ хъунымкIэ зэран зыхуэхъухэм я сурэт щIэращIэхэм интернетыр къакъутэ, ауэ щыхъукIэ, я насыпыр я щхьэ Iуэху зэрыдэкIым деж щеух. Хуэмыхур абыхэм ехъуэпсэху, жыджэрхэм пщIэ хъуну Iэмалхэр зэпалъытри, хэкIыпIэ къагъуэт. Кавказым и мызакъуэу, Урысейм и къалэшхуэ зыбжанэм щолажьэ япэ лъэбакъуэр Налшык щызыча, «Баланс-кофе» фIэщыгъэмкIэ яцIыху къэхьэуэ (кофе) ефапIэхэр. Ахэр зей Муртазалиев Къурбан, къызэрыщIэкIымкIэ, ди щIыналъэм щыщщ, и хэщIапIэу къигъэлъагъуэр «Звездный» жылагъуэрщ. 2019 гъэм Налшык «Культура» зыфIища кофе хэщIапIэр къызэрыщызэIуихрэ дэкIа зэманым, абы и «тIолъхуэныкъуэхэр» къыщыунэхуащ гъунэгъу республикэхэми, Урысейм и къалэшхуэхэми. 2027 гъэ пщIондэ «Баланс-кофе»-м зыщиубгъуну и мурадщ Екатеринбург, Краснодар, Мэхъэчкъалэ, Мейкъуапэ, Кисловодск, Черкесск, Сочэ и Iэгъуэблагъэм ит Красная Полянэ зыгъэпсэхупIэхэм, Архъыз, Iуащхьэмахуэ лъапэ, Къэзан, Новгород Ищхъэрэм.

Гу зэрылъытэгъуафIэщи, Муртазалиевым и Iуэху докI, лэжьапIэ мини 2-м щIигъу къызэIуихыфыну мэгугъэ. Налшык абы и «кофе хэплъыхьар» щагъэхьэзыр шхапIэ 14 щолажьэ, Владикавказ - 3 дэтщ, Ставрополь - 1, Дон-Iус-Ростов - 3, Сочэ - 2, Самарэ - 1.

Муртазалиевыр и Iуэху зехьэкIэм тепсэлъыхьыжрэ пэт, псалъэ гуэрхэр бэлэрыгъауэ IэщIэкIащ зымахуэ. Езым зыщиузэщIа Налшыкрэ зыщиубгъуну и мурад Владикавказрэ щызэригъапщэм, Къурбан зэрымыщIэкIэ къыжьэдэхуащ езым и кофе ефапIэхэр Владикавказ къыщызэIуахын ипэ, абы уэрамым къыщрагъэж кофе фIэкIа щымыIа хуэдэу. Арати, сыт щыгъуи зэкъуэту утыкум къихьэ осетин блогерхэм щIалэм зрагъэцIыхужын къалэныр я пщэ далъхьэжри, узэхъурджэуэнумэ, къеблагъэ. Жьы къепщар ужьыхыжынти зэфIэкIат, Налшык щыщ щIалэм адыгэхэмрэ осетинхэмрэ я зэхуакум мафIэ хъуаскIэ дидза хуэдэу мыхъуамэ. Налшык къэхьэуэмрэ осетин дэлэнхэмрэ я зэдауэр гуащIащэ щыхъум, губзыгъэхэри кIуэдыжатэкъыми, Кавказым и зэкъуэтыныгъэр зэрынэхъапэр, Муртазалиевыр Налшык щылажьэ щхьэкIэ, езыр Дагъыстэным зэрыщыщыр, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетиемрэ я зэхуакум ар къаугъэ къэгъэхъеипIэу щIыдэлъын щхьэусыгъуэ зэрыщымыIэр жаIэри, зэтрауIэфIэжащ.

«Дэ дунейр фIы и лъэныкъуэкIэ дохъуэж», - жиIэу дэпсэлъея «Баланс-кофе» IуэхущIапIэм и унафэщIым жиIахэр сэри згъэщIэгъуащ, - итхащ блогер Пухаев Алик. - Аращи, фIы дыдэу къызгуроIуэ ар зэхэзыхахэр афIэкIа «Баланс»-м щыщIэмыхьэжынур. Ауэ мы Iуэхум хэпсэлъыхьхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыхуэдзэлашхэр си жагъуэ мэхъу. Япэрауэ, мы кофе ефапIэ гупыр зейр дагъыстэн щIалэщ. ЕтIуанэрауэ, республикэри абы щыпсэу цIыхубэри бгъэкъуэншэным фIым ухуишэнукъым. Кавказым щыщ дэтхэнэ зыми ещхьу, сэри Къэбэрдей-Балъкъэрми Дагъыстэнми ныбжьэгъу щызикуэдщ, а псоми Осетиер фIы дыдэу ялъагъу, абыхэми я гуапэ хъуакъым къэпсэлъам жиIахэр. Осетием ахъшэ щагъэлэжьэну тфIэфIмэ, апхуэдэ гуэрхэр дигу тедмыгъахуэу хъуну къыщIэкIынкъым».

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

Псейр зэрагъэщIэращIэу щытар

ЦIыкIухэ, ИлъэсыщIэр щIэщыгъуэ фщещI псей гъэщIэрэщIам, пэжкъэ?! Абы и хъуреягъым фыкъыщофэ, уэрэдхэмрэ усэхэмрэ щыжывоIэ, абдежырщ тыгъэхэр къыщыватри, Уае Дадэм фыщыIущIэри. КIэщIу жыпIэмэ, псей гъэщIэрэщIам телъыджагъ хыволъагъуэ. АтIэ псейр зэрагъэщIэращIэ хьэпшыпхэр къызэрежьам дытевгъэпсэлъыхь.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 25-м ИлъэсыщIэ псейхэр зэрагъэщIэращIэ шархэр тыгъэу тыным и махуэр ягъэлъапIэ. Ар къагупсысащ ИлъэсыщIэр къыщыблагъэм ирихьэлIэу цIыхухэм я гукъыдэжыр къаIэтын папщIэ.

Къапщтэмэ, «илъэсыщIэ шархэр» тыным езыми и хъыбар цIыкIу иIэжщ. Зы гъэ гуэрым жыгхэм къапыкIатэкъым илъэсыщIэ псейхэр зэрагъэщIэращIэу щыта мыIэрысэхэр. Абы къыхэкIыу псейр езыхэм ящIа хьэпшыпкIэ ягъэщIэрэщIэн хуей хъуащ, абджгъэпщхэм абдж мыIэрысэхэр къагупсысащ.

Псейм фIалъхьэ шархэр къежьащ XIX лIэщIыгъуэм икухэм - 1848 гъэм. Ахэр къыщыунэхуащ Германием щыIэ Лауш къалэ цIыкIум. Япэ илъэсыщIэ шархэр абдж хьэлъэм къыхэщIыкIат. IэпщIэлъапщIэхэм абдж шархэм трагъэлъадэрт бдзапцIэ пIащIэпс. Абы шархэр игъэцIурт. Нэхъ иужьыIуэкIэ бдзапцIэпсым ипIэкIэ бзэху къагъэсэбэп хъуащ.

Урысейм псейм абдж шархэр щыхуащIын щрагъэжьащ 1887 гъэм. Клин къалэм щыщ Векшин Егоррэ Орлов Яковрэ абдж щыгъэхэр ящIу зрагъэсащ абы щыгъуэ. 1896 гъэм абдж щыгъэхэр псейр зэрагъэщIэращIэ хьэпшып дахэу къззылъыта цIыхухэр абы щIэупщIэ, къащэху хъуащ. Новгород Ищхъэрэ щекIуэкIа XVI урысейпсо промышленнэ, художественнэ гъэлъэгъуэныгъэм щыгъэхэр япэу яхьащ. 1867 гъэм Урысейм къыщызэIуахащ илъэсыщIэ псейм фIалъхьэ шархэр къыщыщIагъэкI япэ заводыр.

Клин къалэм щыIэщ псейр зэрагъэщIэращIэ хьэпшып мини 3-м щIигъу щахъумэ музей. Нэхъ тIорысэ дыдэу абыхэм яхэтыр абджым къыхэщIыкIа Уэс Гуащэ илъэси 100 зи ныбжьырщ.

Мыри гъэщIэгъуэнщ: рекордхэмкIэ Гиннесс и тхылъым илъэсыщIэ псейм фIалъхьэ хьэпшып нэхъ лъапIэ дыдэу итщ британием и «Hallmark Jewellers» IуэхущIапIэм къыщыщIагъэкIа бриллиант шарыр. Абы и уасэщ фунт стерлинг мин 82-рэ е сом мелуани 8,5-рэ. Шарыр ящIыным текIуэдащ сыхьэти 130-рэ.

ГЪУЭТ Синэ.

Бажэмрэ щыхьымрэ

Бажэр псы Iуфэм деж зигъэкIэрахъуэу щыту, щыхьыр кърихьэлIащ.

- Сыт мыбдеж щыпщIэр, щхьэ зыбгъэкIэрахъуэу уIут псы Iуфэм? - къеупщIащ щыхьыр.

- Псым адрыщIкIэ щыхъуакIуэ къаз гупыр плъагъуркъэ? - жи бажэм.

- Солъагъу, сыт атIэ? - жеIэ щыхьым.

- Абы сохъуапсэри аращ... ИгъащIэкIэ зыгуэр къысхуэпщIэхэнумэ, псым сызэпрых, уи лъэгуажьэм къэсын къудейщ.

- Хъунщ, къэшэс.

Бажэр щыхьым шэсри псым зэпрыкIащ, къаз хъушэм хэлъадэри хуэшхыр ишхащ, хъушэр зэкIэщIихуащ. Иужьым фыз гуп псыхьэ къэкIуауэ кърихьэлIэри къыщIагъэIащ.

Апхуэдэу щыхъум, Бажэм кIэбгъу зищIри пабжьэм зыхигъэпщкIуэжащ, мыдэкIэ фызхэм щыхьыр къаIэрыхьэри пхъэхькIэ кIуэцIакъухьащ. ФIыуэ яубэрэжьауэ къаIэщIэкIыжри щыхьыр псы Iуфэм къыIухьэжащ, и джабэр иуауэ. Бажэри къазыц Iупэ хъужауэ пабжьэм къыхэжыжащ.

- Дэнэ ущыIа, зиунагъуэрэ, си закъуэу сыкъэбгъанэри себгъэубэрэжьащ, - жиIащ щыхьым.

- Плъагъуркъэ, си къуэшыжь, сэ тIэкIу сышха нэужь, лъэныкъуэ зезмыгъэзу хъуркъым.

- Арамэ хъунщ, къэшэс, псым дызэпрыкIыжын хуейкъэ, - жиIэри бажэр и тхым кътригъэтIысхьэжащ щыхьым.

Псыку дыдэм къыщысым, щыхьым етIысэхыу щIидзащ.

- Сыт пщIэр, зиунагъуэрэ, сыбогъэтхьэлэ! - кIиящ бажэр.

- Плъагъуркъэ, си къуэш цIыкIу, сэ быдэу сыкIуэцIакъухьа нэужь, псым зыщIэзмыгъэмбрыуэу хъуркъым, - жеIэ щыхьым.

- Сыбогъэтхьэлэ, сыбогъэтхьэлэ мыгъуэ! - жиIэурэ, бажэр псым щIигъэмбрыуащ.

Зытхыжар
КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.

Сабийхэр зыгъэгуфIэ джэгукIэхэр

Сабий джэгукIэхэм утрагъэу, уагъасэ, уаущий, уи Iэпкълъэпкъри нэхъ жан ящI. Адыгэ сабий джэгукIэхэр щыIэщ нэхъ цIыкIу дыдэхэр ирагъэджэгууи, тIэкIу нэхъ иныIуэхэм папщIи. ЦIыкIу дыдэхэм я джэгукIэхэм балигъхэри хэтщ. Абыхэм сабийхэр трагъэу, джэгукIэр гурагъаIуэ, ягъэдыхьэшх, ягъэгуфIэ. Сабий джэгукIэхэр щIэщыгъуэщ. Хэт убжэфу урегъасэ, хэт усэ цIыкIухэр хэтщ, хэт къуажэхьу зэхэухуэнащ, хэти зэпеуэным ухуегъэхьэзыр. МафIэдз Сэрэбий итхыжа сабий джэгукIэхэм ящыщ зыбжанэ нэхъ цIыкIу дыдэхэм папщIэ къытыдодзэ.

Адэ-мыдэ узогъаплъэ

ТIурытIу зэдоджэгу. Зыр нэхъыжьыIуэщ, адрейр цIыкIущ. Нэхъыжьым нэхъ цIыкIур, къигъапцIэу, жыхуиIэмкIэ игъэплъэну хэтщ. Абы щхьэкIэ Iэджэ щхьэусыгъуэ къегупсыс: уи ижьырабгъумкIэ шындырхъуо къопщ, уи щхьэщыгумкIэ бэдж къоджых, уи щIыбымкIэ хьэ щэхурыпхъуэ къопхъуэ, нэгъуэщIхэри. Зыхуейр къехъулIэу зэригъэплъэкIа иужькIэ, абы щIэнакIэу нэхъыжьым жеIэ:

Адэ-мыдэ узогъаплъэ,
Гъуаплъэ гуэным уизыдзэ,
Хьэжьыр къодзакъэ,
Сэ сынодзэкъэж.

Мыбы ещхьщ «Уи щхьэм шхий телъщ», е «Уи Iэгъуапэм хьэпIацIэ допщей», е «Уи щIыбым ятIэ кIэрылъщ» жаIэурэ я джэгуэгъухэр къыщагъапцIэр.

Мэл щохъу

Илъэс-илъэситI нэхъ мыхъуа сабийм и Iэ лъэныкъуэ цIыкIур яIыгъыу и Iэгудыгъуэм, и Iэпэхэм гъуэрыгъуэу теIэбэурэ жаIэ: «Мыбдеж мэл щохъурэ, мыбдеж хъурей щоджэгурэ, мыбдеж накIуэ-къакIуэ, мыбдеж дывгъэкIуэж, мыбдеж тIэкIу дымышхэу дыкIуэжын? Еуэ, еуэ, пщафIэ цIыкIу, еуэ, еуэ, пщафIэ цIыкIу ...»

«Еуэ, еуэ», - щыжаIэкIэ, сабийм и IэпхъуамбэжьакIэр яубыдри абыкIэ езым и Iэгудыгъуэ цIыкIум иуэж хуэдэу, пщафIэ хуэдэу ящI. Абы сабийр егъэдыхьэшх.

Си хьэм бажэ къеубыд

Зы сабий нэхъыжь е балигъ гуэрым цIыкIуитIым я Iэр еубыд. Зым и Iэ сэмэгур, адрейм и Iэ ижьыр. Зыр бажэщ, адрейр хьэщ. Хьэм бажэр ирехужьэ. Сабийхэм я Iэр зыIыгъым: «Си хьэм бажэ къеубыд, си хьэм бажэ къеубыд», - жиIэурэ зым адрейр кърырегъэхуэкI, езыми задигъазэурэ.

Хьэм бажэр къиубыдамэ, я Iэхэр яхъуэжри адэкIэ пащэ, бажэу щытар хьэ хъуауэ.

НАФIЭДЗ Данэ.

Зыгъэзэж Данэ цIыкIу илъэсыщIэм зыхуигъэхьэзыращ.

ЦIыхугухэм гуапэу къина сурэтыщI

● ДифI догъэлъапIэ

Урысейм щIыхь зиIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщI Абей Виктор къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъу махуэм СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музей Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм къыщызэIуахащ абы и IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. ЦIыху куэд зэхуишэсат ди щIыналъэми къэралми пщIэ щызиIэу щыта, цIыхугухэм гуапэу къина сурэтыщIым...

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ и гугъу тщIын ипэ къихуэу, щIэджыкIакIуэхэм ягу къэдгъэкIыжынщ абы и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ ехьэлIа гуэрхэр. Абей Виктор 1935 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м Сталинград (иджыпсту Волгоградщ) къалэм къыщалъхуащ. 1942 гъэм абы и унагъуэр Челябинск Iэпхъуащ. Курыт еджапIэм щIэсурэ, абы зыщигъэсащ заводым и изостудием. Школыр къызэриухыу Свердловск и художественнэ училищэм щIэтIысхьащ (1951 - 1956). КъыкIэлъыкIуэ 1956 - 1962 илъэсхэм абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ ХудожествэхэмкIэ Тбилиси дэт академием. 1962 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ гъащIэм лъэ быдэкIэ хэуващ Виктор икIи академие щIэныгъэ зиIэ япэ адыгэ сурэтыщIу лъэпкъ тхыдэм къыхэнащ. Зиужьурэ, зэман-зэманкIэрэ къигъэщIын лъэкIащ республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я псэкупсэр, щэнхабзэр зи лъабжьэ сурэтхэр. А лъэхъэнэм щыщIэдзауэ Абейм и лэжьыгъэхэр щигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм республикэм щригъэкIуэкI гъэлъэгъуэныгъэ псоми. 1973 гъэм къыщыщIэдзауэ УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэтащ, 1974 - 1982 гъэхэм - Налшык и художественнэ советым хэтащ, къыкIэлъыкIуэ илъэсиблым а IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэу, 1989 - 1992 гъэхэм абы и тхьэмадэу щытащ. 1992 - 2005 гъэхэм ар щытащ «Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэ» къэралпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и секретару, абы и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и унафэщIу.

1992 гъэм Абей Виктор къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ сурэтыщI» цIэ лъапIэр. Абы и IэдакъэщIэкIхэр утыку къыщрахьащ чыристан диныр илъэс минитI, Пушкин Александр къызэралъхурэ илъэс 200 щрикъум ирихьэлIэу ящIа гъэлъэгъуэныгъэхэм, «IX Россия», «X Россия» урысейпсо, «Юг России», «За мир на Кавказе» щIыналъэ гъэлъэгъуэныгъэхэм. «Урысейм щIыхь зиIэ и сурэтыщI» щIыхьыцIэр 2000 гъэм къыфIащащ.

Иджы Абейм «Разный» фIащауэ къыхузэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэр щекIуэкI пэшым узэрыщIыхьэу псэгъэтынш-хуабагъэ гуэр зыхыбощIэ. ДэнэкIи щыболъагъу удз гъэгъахэр, псы ежэххэр, бгыхэмрэ къуршхэмрэ, цIыхур зыщыужа, шей щызэдефэ уэршэрхэр, берычэтыгъэр къззыгъэлъагъуэ Iэнэгухэр, пхъэщхьэмыщхьэ щхъуэкIэплъыкIэхэр, нэгъуэщI куэди. Анэм и гумащIагъэри, лъахэм и хуабагъэри, цIыхум и гумрэ и псэмрэ я къабзагъэри, щхьэгъубжэм адэкIэ щыплъагъу дуней узыIэпызышэри... куэд мэхъу Виктор къытхузэIуихыр. Псом ящхьэраци, дэтхэнэ сурэтми къищым уIэбэмэ, улъэIэсынущ, апхуэдизкIэ нэIурытщи, щIэхъумаи гъэпщкIуаи хэткъым, гурыIуэгъуафIэ-гъэткIугъуафIэу лэжьыгъэхэр зэщIожьыуэ. Абы щыгъуэми, къызэрыгуэкIыу къыпщыхьу лэжьыгъэхэм апхуэдизкIэ гупсысэ куу хэлъщи, уеплъыхукIэ нэхъыбэж хыболъагъуэ.

- ЩыIэщ цIыху и лэжьыгъэр, и IуэхущIафэр, и гъащIэр къэбгъэлъэгъуэн паппщIэ уи псалъэхэм ухухэщыпыхьын хуейуэ. ЩыIэщ Виктор хуэдэхэри - псалъэ хуэмыныкъуэу и IэдакъэщIэкIхэм псори къыбжаIэу. Нобэ тлъагъу дахагъэр зи IэрыкI цIыху щыпкъэм ехьэлIауэ фIы фIэкIа пхужыIэнукъым, абыкIэ щыхьэт хъуфынущ ар зыцIыхуу щыта дэтхэнэри. И фэеплъыр зыщымыгъупщэн дыхъуну, гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэми Виктор и бынхэми фIыгъуэ къахудэкIуэну си гуапэщ, - жиIащ зэIущIэр къыщызэIуихым КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. Апхуэдэуи министрым къыхигъэщащ Абей Виктор и музей ящIыну мурад зэраIэр, республикэм и унафэщIхэр абы иужь зэритынур.

ЦIыху куэд къыщыпсэлъащ зэIущIэм, псоми жаIар гуапэщ, фIыщ, я ныбжьэгъуу, я цIыхугъэу щытар ягу къызэринэжарщ, ар зэи зэращымыгъупщэнурщ. Илъэс пщыкIуий мэхъу Виктор къызэрытхэмытыжрэ, итIани, дыгъуасэ абы къыбгъэдэкIыжам хуэдэущ и ныбжьэгъухэм и гугъу зэращIыр. ЦIыхукIэ нэхъуеиншэу, псэущхьэ фIыуэ илъагъуу (псэ пIащIэ зэриIэр абы игъэнаIуэртэкъэ?!), ныбжьэгъугъэр игъэлъапIэу, нэхъыжьи нэхъыщIи бзэ къахуигъуэтыфу зэрыщытар жаIэ пэтми, яхуэухыркъым.

Абей Виктор и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ, и хьэлымрэ и цIыху хэтыкIэмрэ я гугъу ящIащ КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Зумакулов Борис, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ ХьэIупэ ДжэбрэIил, КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, жылагъуэ зыужьыныгъэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Бжьахъуэ Ранетэ, ди республикэм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ сымэ.

- Абей Виктор зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа, зыми емыщхьу зи хъэтI щхьэхуэ зиIэжа сурэтыщI телъыджэт. Ауэ уи хъуреягъкIэ абы и IэдакъэщIэкIхэр щыщытым и деж, гъуазджэ и лъэныкъуэкIэ абы хузэфIэкIам щхьэхуэу и гугъу щIэпщIын щыIэкъым. Сэ сыхуейт и цIыху щIыкIэм теухуа зы мащIэ жысIэну. АпхуэдизкIэ узыIэпишэрт, лъагъугъуафэт ари, Виктор къыщытхэтым псори дыщызэхуэсу щытар абы и лэжьапIэ пэшырт, зэрымыпсэужрэ дэ щхьэж и лъэщапIэм дыщIэсыжщ. Куэдым дытепсэлъыхьырт, Iэджэм я гугъу тщIырт, гупсысэ зэхэдзэкIэ Iуэху къыинхэр щызэфIэтхи кЪэхъурт. Мис а зэхущытыкIэ гуапэм иджыпсту дыхуэныкъуэщ, - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЦIыхубэ сурэтыщI БгъэжьнокЪуэ Заурбэч. Апхуэдэуи къыхигъэщащ тхылъ куэд еджа цIыху губзыгъэу, Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, нэгъуэщI усакIуэхэми я IэдакъэщIэкIхэр гукIэ ищIэу, классикэ макъамэм, дунейпсо литературэм щыгъуазэу, езыми тенор лъэщкIэ уэрэд жиIэфу зэрыщытар. Абы и дежкIэ зырикIт арие гуэр игъэзэщIэныр е хэлэтыкIауэ усэ купщIафIэ гукIэ къеджэныр. ЖыпIэнурамэ, IэщIагъэлI щыпкъэт, усакIуэпсэ хэлъу.

Къуэшым зэрихабзэу, Виктор гуапэу и гугъу ищIащ лъэпкъым щыщ нэхъыжьыфI Абей Юрэ. Абы къыкIэлъыкIуэу къэпсэлъащ Виктор ипхъу, сурэтыщI цIэрыIуэ Абей Iэсият. Абы игу къигъэкIыжащ езымрэ и дэлъху Iэбубэчыррэ я цIыкIугъуэр, я адэм дэнэ кIуэми тхылъ къахуихьу зэрыщытар, IэщIагъэм зэрыдригъэхьэхар, нэгъуэщI куэди. «Папэ и сурэтхэм я Iыхьэ мащIэщ нобэ флъагъухэр. «Разный» фIэщыгъэр уафэм къетхьэхакъым, атIэ абы къегъэлъагъуэ ахэр зэман зэхуэмыдэхэм зэращIар, зы илъэсым адрейр кIэлъыкIуэу сурэтыщIым зэрызиужьар. Сэ согъэщIагъуэ, псалъэм и хьэтыркIэ, щыщIалэм ищIахэм нэхърэ иужьрейхэр зэрынэхъ нэжэгужэр», - къыхигъэщащ пхъум икIи фIыщIэшхуэ яхуищIащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэгъэпэщыным, егъэкIуэкIыным зи гуащIэ хэзылъхьа дэтхэнэ зыми.

«...ДыкъззыухъуреихЬ дунейм и макъ псори, плъыфэхэри, гукъыдэжри къыхуэубыдын хуейщ сурэтыщIым, щыпсэу лъэхъэнэр къыгурыIуэрэ къэкIуэнур хуэубзыхуу щытын папщIэ, и лъэпкъым и тхыдэм, и блэкIам щыгъуазапхъэщ» - аращ и гъащIэ къыхуеджэныгъэу щытар сурэтыщI Абей Виктор. Зи IэдакъэщIэкIхэр Урысейм, абы и гъунэгъу къэралхэм, унейгъэтIылъыгъэхэм хэлъ сурэтыщIыр псэущ абы и гугъу ящIыху, и фэеплъыр ягъэлъэпIэху.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ХьэщIэ

Уэс къесауэ нэху къекIати,
Дадэ жьыуэ къэушащ.
«Тэджи накIуэт модэ, - жеIэр, -
Уэсым хьэщIэ къытхуишащ.»

Сеплъми дадэ игъэщIагъуэм,
БгъэщIэгъуэну зы хэмылъ,
Къыздишами уэсым хьэщIэу,
ХьэщIэм ещхьи пкъырымылъ.

И пщэ псыгъуэм си пщэдэлъыр,
ПикъузыкIыу, къешэкIащ,
И пэ плъыжьыр ди щIыIалъэм
Дэлъа пхъым къыхэщIыкIащ.

Ди дадэшхуэ и джэдыгур
И дамитIым теубгъуащ,
И пыIэшхуэр махуищ ипэ
Езы Дадэ щхьэрыгъащ.

И IэлъитIыр къэсцIыхужри,
Дадэ ткIийуэ есIуэкIащ:
«Дадэ, еплъыт, мы номиным
Уи IэлъитIыр къидыгъуащ!»

Ауэ Дадэ, зы жимыIэу,
Къысхуеплъыхри дыхьэшхащ:
«Iуэхукъым ар, умыгузавэ,
КъеIытхыжым зэфIэкIащ.»

ДЖЭРЫДЖЭ Арсен.

Псалъэзэблэдз



Къехыу: **1**. Дадэ и жьакIуэ мэуфафэри псы Iуфэм Iутщ. **2**. Гуащэ къанитI зэлъэпагъщ. **3**. Зи бын псори дзыгъуащэ. **4**. ВакIуэ дэкIым кIэлъоджэ, къаджэ-наджэу къекIухь. **5**. Быргу-быргуэ, быргу мыщэ, къуажищэ къызэптами, уэзмытын. **7**. Пыф-сыф лъэгубгъуэ, зэразутI пэтIинэ.

ЕкIуэкIыу: **4**. Бжьыхьэм ягъэтIылъу гулъ къыщищIым къащтэж. **6**. Ди бжыхь джабэ хьэ дзакъэрей кIэщIэсщ. **8**. Дэнэ укIуэми пкIэрымыкI.

Жэуапхэр:

Къехыу: **1**. Къамыл. **2**. Набдзэ. **3**. Джэду. **4**. Хьэрхьуп. **5**. Лъэмыж. **7**. Iэжьэ.
ЕкIуэкIыу: **4**. ХьэмфIанэ. **6**. Шыпсыранэ. **8**. Ныбжь.

Зэхэзылъхьар **БИЦУ Жаннэщ.**

Редактор нэхъыщхьэ **ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.300
Заказыр №2721
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.